

Pamekar Diajar **BASA SUNDA**

Pikeun Murid SMP/MTs Kelas ix

KURIKULUM 2013



**DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014**

IX

Pamekar Diajar
BASA SUNDA
Pikeun Murid SMP/MTs Kelas IX

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Rarancang Gambar: Toto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Palatino Linotype 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:
DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-07-7 (Jilid Lengkap)
978-602-1300-10-7 (Jilid 3)
Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sundatiasangawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Èta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhangurudinaposisiagénparobahanutamaenggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih, tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimpleméntasikeun

kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompeténsi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplementasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.



Bandung, Desember 2013
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Barat,

Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya
NIP. 19570807 198601 1 001

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng élémén-élémén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *Standar Kompetensi Lulusan, Standar Isi, Standar Prosés, sareng Standar Penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.

Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten dianos-antosna kadamang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013

Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.

Pembina Tk. I

NIP. 196110051986031014

Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku *Pamekar Diajar Basa Sunda*. Ieu buku diajangkeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidep getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. Bismillah

Bandung, Oktober 2013

Salam ti nu nyusun ieu buku

Daptar Eusi

PANGBAGÉA:

1. Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat _____ iii
2. Kepala Balai Pengembangan Bahasa dan Kesenian
Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat _____ v

PANGANTEUR _____ vii

PANGAJARAN 1: GIRANG ACARA _____ 1

- A. Maca Wacana _____ 2
- B. Niténan Téks _____ 11
- C. Molahkeun _____ 14
- D. Pancén _____ 24

PANGAJARAN 2: ADAT DI PILEMBURAN _____ 25

- A. Maca Wacana _____ 26
- B. Ngaguar Eusi Wacana _____ 32
- C. Ningkes Wacana _____ 37
- D. Pancén _____ 44

PANGAJARAN 3: PAKEMAN BASA _____ 45

- A. Maca Wacana _____ 46
- B. Niténan Pakeman Basa _____ 49
- C. Ngalarapkeun Babasan jeung Paribasa _____ 53
- D. Niténan Wacana nu Ngandung Babasan
jeung Paribasa _____ 57

PANGAJARAN 4: NULIS LAPORAN KAGIATAN _____ 61

- A. Maca Laporan Kagiatan _____ 62
- B. Niténan Laporan Kagiatan _____ 65
- C. Nulis Laporan Kagiatan _____ 66
- D. Pancén _____ 70

PANGAJARAN 5: MACA NOVÉL	71
A. Maca Sempalan Novel	72
B. Maham Eusi Sempalan Novel	78
C. Niténan Unsur Novel	79
E. Pancén	88
PANGAJARAN 6: METAKEUN DRAMA	89
A. Maca Naskah Drama	90
B. Niténan Naskah Drama	94
C. Metakeun Drama	96
D. Pancén	101
DAPTAR PUSTAKA	102



Sumber: dokumen pribadi

PANGAJARAN
1

GIRANG ACARA

Dina hiji acara, urang sok ningal aya jalma anu kapapancénan ngatur acara, anu ilahar sok disebut panata acara atawa MC (Master of Ceremony). Pancénna purah nyusun runtuyan acara, nangtukeun sarta ngahaturan saha-sahana anu midang atawa cacarita dina éta acara. Sagédéngéun panata acara, aya deui anu disebut panumbu catur atawa sok katelah modérator. Ieu ogé pancénna méh sarua, purah ngatur lumangsungna hiji acara. Bédana, panumbu catur mah ilaharna sok dipaké dina acara sawala atawa diskusi. Éta anu dua téh urang sebut baé girang acara, nyaéta jalma anu miboga pancén ngatur lumangsungna hiji acara. Boh panata acara boh panumbu catur, diperedih kudu bisa nyarita kalawan lancar, sora anu ngoncrang ngarah jéntré kadengéna, lentong anu merenah, sarta maké basa anu genah éntép seureuhna. Dina pangajaran ayeuna hidep rék niténan, nyusun téks omongan panata acara jeung panumbu catur, sarta ngedalkeun éta omongan di hareupeun kelas.

A. Maca Wacana

Baca sarta titénan ieu conto téks omongan di handap!

1. Panata Acara

Ieu di handap aya conto téks omongan panata acara. Pék baca sarta tengetan ku hidep sing gemet!

Assalamu'alaikum wr. wb.

Bapa miwah Ibu, hadirin sadaya hormateun sim kuring!

Langkung ti payun sumangga urang nyanggakeun puji sinareng sukur ka Gusti Nu Maha Suci anu parantos maparin pirang-pirang ni'mat ka urang sadaya. *Alhamdulillah* ku rohmat manten-Na, dina danget ieu urang dipaparin séhat sareng kakiatan, dugi ka tiasa riung mungpulung di ieu patempatan, dina raraga nyakséni acara paturay tineung sareng ngajurung laku ka siswa-siswi kelas salapan anu parantos lulus ti ieu sakola.

Hatur séwu nuhun ka Bapa miwah Ibu, kalih hadirin sadaya anu parantos kersa rurumpaheun sumping ngaluuhan ieu acara. Pamugi ieu silaturrahmi téh sing nyandak barokah sareng kasaéan ka urang sadaya.

Hadirin anu sami linggih!

Supados ieu acara lumangsung kala-yan lungsur-langsar sarta aya dina rido Alloh SWT, sumangga urang kawitan ku maoskeun basmallah sasarengan, *bismillah-irrohmanirrohim*.

Salajengna, sim kuring badé ngadugikeun runtuyan acara, anu badé dipidangkeun dina ieu acara Paturay Tineung.

1. Bubuka
2. Ngaoskeun ayat Suci Al Qur'an
3. Laporan Pupuhu Panitia Paturay Tineung
4. Hariring kawih "Sabilulungan"
5. Biantara Pangbagea ti Pupuhu Komite Sakola
6. Hariring Himneu SMP
7. Biantara Bapa Kapala Sakola
8. Upacara Adat "Prosesi Pengelepasan" Kelas IX
9. Pamasrahan ijasah sacara simbolik ka siswa Kelas IX
10. Piagem pangajen ka 10 siswa nu nyangking préstasi.
11. Nembangkeun lagu wajib "Syukur"
12. Panutup/Du'a
13. Pinton Seni



Sumber: dokumen pribadi

Salajengna sim kuring ngahaturan Sadérék Syifa Rahmawati kanggo maoskeun ayat suci Al Qur'an. Sumangga dihaturan!

Galindeng ayat suci Al Qur'an pamugi sing janten cukang lantaran ngocorna rohmat sareng barokah Alloh ka urang sadaya. *Amin!*

Hadirin hormateun sim kuring!

Nincak acara nu katilu, nyaéta biantara laporan pupuhu Panitia Paturay Tineung. Sumangga kersana Bapa Drs. Galih Sundana dihaturanan!

.....

Hatur séwu nuhun ka Pupuhu Panitia, kersana Bapa Drs. Galih Sundana anu parantos ngadugikeun biantara laporanana.

Salajengna, sumangga urang sami-sami ngabandungan hariring kawih "Sabilulungan" anu badé dipintonkeun ku Rampak Sekar ti kelas tujuh. Sumangga dihaturanan!

.....

Sabilulungan, sipat silih rojong. Sipat urang Sunda nu kalintang éndahna. Pamugi kawih anu nembé dihariringkeun sing nyerep kana angen, sing nitih kana ati sanubari. Dina enggoning diajar urang salamina tiasa silih rojong, silihasih ku pangarti, silihasah ku kabisa, silihasuh ku kaweruh.

Bapa miwah Ibu, hormateun sim kuring!

Acara salajengna nyaéta biantara pangbagéa ti Pupuhu Komite Sakola. Sumangga kersana Bapa H. Ading Syahidin dihaturanan!

.....

Hatur nuhun ka Pupuhu Komite Sakola, Bapa H. Ading Syahidin anu parantos ngadugikeun biantara pangbagéana.

Salajengna, sumangga urang ngabandungan deui hariring, nyaéta lagu wajib ieu sakola, "Himneu SMP" anu badé dipintonkeun ku Kelompok Paduan Suara ti kelas dalapan. Sumangga dihaturanan!

.....

Lagu "Himneu SMP" anu nembé dihariringkeun, kantenan matak ngahudang waas, utamina ka akang-tétéh kelas salapan anu badé ngantunkeun ieu sakola. Sok sanaos engké paturay patebih, pamugi tetep nineung ka ieu sakola.

Hadirin, acara salajengna nyaéta biantara ti Bapa Kapala Sakola. Sumangga kersana Bapa Drs. H. Undang Purwajati, M.Pd. dihaturanan!

.....

Hatur séwu nuhun ka Bapa Kapala Sakola anu parantos ngadugikeun biantarana. Pamugi rupi-rupi piwejang anu nembé didugikeun ku anjeunna, sing janten ranggeuyan mutiara, pibekeleun urang sadaya enggoning nyukcruk élmu sareng ngahontal préstasi nu langkung luhur.

Hadirin sadaya hormateun sim kuring!

Cunduk kana acara poko, nyaéta Prosési Pengelepasan Kelas IX, anu badé digelarkeun dina wangun Upacara Adat. Sumangga ka para patugas Upacara Adat dihaturanan!

.....

Hadirin, alhamdulillah Upacara Adat Pengelepasan Kelas IX parantos lekasan. Teu aya deui anu tiasa kadugikeun ka Akang-Tétéh Kelas IX, iwal ti kabingah sareng pangwilujeng. Wilujeng, Akang-Tétéh parantos lulus ngahontal préstasi di ieu sakola. Wilujeng angkat, wilujeng nempuh sakola nu langkung luhur. Mugia sadayana sing lulus-banglus tiasa neraskeun ngahontal cita-cita.

Salajengna, Bapa Kapala Sakola dihaturanan kanggo nyanggakeun ijasah sacara simbolik ka wawakil siswa Kelas IX. Sumangga dihaturanan.

.....

Hadirin, sakola urang parantos nyangking rupi-rupi préstasi dina widang science, olahraga, sareng kasenian. Éta préstasi téh dihontal di antawisna ku para siswa Kelas IX anu ayeuna parantos lulus. Jalaran kitu sakola badé maparin piagem minangka tawis panghargaan ka 10 siswa Kelas IX anu parantos nyangking préstasi. Sumangga para siswa kalih Bapa Kapala Sakola dihaturanan ka panggung!

.....

Hatur séwu nuhun. Urang sadaya bingah binarung reueus. Mugimugi éta préstasi sing janten pamecut sumanget ka adi-adi para siswa di ieu sakola. Mug ieu sakola sing beuki nanjung ku rupi-rupi préstasi anu dihontal saban waktos ku para siswa. Amin.

Hadirin, minangka tawis sukur, sumangga urang pada tumungkul ngabandungan hariring lagu wajib “Syukur” anu badé dipintonkeun ku Kelompok Paduan Suara. Sumangga Kelompok Paduan Suara dihaturanan!

.....

Alhamdulillah, acara demi acara parantos réngsé. Kanggo ngantebkeun tawis sukur, sumangga ieu acara urang pungkas ku du’a sasarengan, kalayan dipingpin ku Bapa Ustad Fauzi. Sumangga Pa Ustad dihaturanan!

.....

Bapa miwah Ibu, kalih hadirin sadaya anu sami rawuh!

Acara Paturay Tineung parantos lekasan. Minangka acara pamungkas nyaéta Pinton Seni, anu badé mintonkeun rupi-rupi kasenian. Ieu acara hiburan badé dijejeran ku Sadérék Febby Ayudia sareng Gentra Sukmana, calon présenter anu nyongcolang ti sakola urang. Sumangga, Sadérék Febby sareng Gentra dihaturanan! Hadirin mugi keprok!

Ti sim kuring, rupina sakitu nu kapihatur. Hapunten bilih aya basa anu kirang merenah. Bobo sapanon carang sapakan, luhur saur bahé carék, mugia kersa ngahapunten.

Billahitaufik wal hidayah wassalamu’alaikum wr. wb.

2. Panumbu Catur (Modérateur)

Ayeuna pék baca ieu téks biantara panumbu catur di handap sarta bandingkeun jeung wacana anu tadi!

Panumbu Catur : *Assalamu’alaikum wr. wb.*

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya anu dipihormat, dina danget ieu sim kuring sapakan ti kelompok hiji badé medar pasualan “Ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé”. Ieu pasualan badé didugikeun ku Sadérék Jajang, sumangga dihaturanan!

Pangjejer

: Réréncangan sadaya, sakumaha anu tadi parantos didugikeun ku Panumbu Catur, urang badé madungdengkeun “Ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé”. Ieu pasualan téh peryogi disawalakeun, jalaran beuki dieu ku urang beuki sering ka kuping urang Sunda seueur anu henteu nyarios ku basa Sunda. Naon anu ngalantarankeunana, sareng kedah kumaha urang ngungkulanana? Sumangga urang padungdengkeun dina ieu sawala. Pamair sareng pamadegan ti sadayana kalintang diarep-arepna, supados ieu sawala téh aya mangpaatna.

Anu kasaksén ku urang dina kahirupan sadidinten, urang Sunda seueur anu wegah ngagunakeun basa Sunda, utamina di kota-kota. Malah di pilemburan ogé ayeuna mah ampir sami baé, teu sakedik urang Sunda anu nyariosna ku basa Indonésia. Ku urang geuning sok sering ka kuping, upami aya sepuh anu ngajak nyarios ka murangkalih, nyariosna téh sok ku basa Indonésia padahal sidik maranéhna téh urang Sunda bari cicing di tatar Sunda.

Aya anu nyebatkeun yén maké basa Sunda téh cenah géngsi, da basa urang lembur. Tinggaleun jaman, henteu gaul, sareng sajabina. Aya deui anu gaduh pamadegan yén basa Sunda téh cenah hésé da aya undak-usuk basa. Sieun lepat ngagunakeun undak-usuk. Sok pagentos maké basa kasar sareng basa lemes, janten langkung praktis nyarios ku basa Indonésia waé. Kitu saurna téh. Duka mana anu leres. Mung anu puguh, salaku urang Sunda, urang ulah cicingeun atawa ngantepkeun ieu pasualan. Da upami henteu ditarékahan, tangtos urang Sunda bakal beuki seueur anu henteu ngagunakeun basa Sunda. Upami kitu, tangtos wé basa Sundana ogé bakal leungit. Atuh bangsa Sundana ogé moal aya, da apan ceuk paribasa, Basa téh cicirén bangsa. Leungit basana ilang bangsana.

Ayeuna kantun kumaha sikep urang. Naha badé ngantepkeun basa Sunda sina leungit, atawa ku urang rék dipiara sangkan basa Sunda langgeng jadi banda budaya sareng jati diri urang Sunda? Rupina sakitu anu tiasa kadugikeun ku sim kuring. Mangga urang sawalakeun.

Panumbu Catur : Hatur nuhun ka Sadérék Jajang anu parantos ngadugikeun pasualan. Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya, rupina éta jejer pasualan anu diasongkeun ku sim kuring saparakanca kanggo bahan sawalakeuneun urang danget ieu. Jalaran kitu, sim kuring badé langsung waé masihan waktos ka réréncangan sadayana supados mairan, ngadugikeun pamendak masing-masing. Sumangga, saha anu badé mairan?

Siswa 1 : (Bari ngacung) “Abdi, pun Galih ti kelompok 3! Ceuk abdi mah, saha waé anu cicing di tatar Sunda, wajib nyarita ku basa Sunda. Upami aya urang Sunda anu gagayaan nyarita ku basa Indonésia, ku urang kedah digeuing.

Siswa 2 : Abdi, pun Sinta ti kelompok 2 badé mairan! Tadi ku urang kakuping, yén basa Sunda téh sesah lantaran aya undak usuk-basa, dugi ka urang Sunda seueur anu nyarios ku basa Indonesia. Janten anu jadi hahalangna téh undak-usuk. Kumaha atuh upami undak-usuk basana dileungitkeun?

Siswa 3 : Sim kuring, pun Usép, ti kelompok 6 badé mairan! Sim kuring rada kirang panuju kana pamadegan Nurul. Upami undak-usuk basa dileungitkeun, basa Sunda moal gaduh ciri has anu mandiri. Jaba engké moal aya deui disebut basa lemes. Nu aya téh basa kasar wé panginten. Mung sakitu. Hatur nuhun!

- Panumbu Catur : Hatur nuhun ka réréncangan anu parantos ngedalkeun pamendakna. Sawala urang janten langkung ramé. Naha undak-usuk kedah dileungitkeun atawa henteu, mangga tiasa dipairan deui ku nu sanés. Nanging anu badé mairan atawa ngadugikeun pamendak, mugi henteu papanjangan. Singget baé nujul kana poko pasualan. Mangga saha deui anu badé mairan?
- Siswa 4 : Abdi, pun Rina, ti kelompok 4! Ceuk abdi mah kieu, supados urang Sunda tiasa nyarios ku basa Sunda bari leres undak-usukna, rupina kedah aya tempat kursus basa Sunda, sapertos tempat kursus basa Inggris nu ayeuna seueur di mana-mana. Janten saha baé, rek urang Sunda rék urang Batak anu badé diajar basa Sunda, nya lebet kursus téa.
- Siswa 5 : Sim kuring, pun Tantan, ti kelompok 5! Sim kuring panuju kana pamadegan Nunung, mung aya tambihna. Rupina sanés kursus baé anu kedah diayakeun téh, tapi ogé buku-buku kamus alit basa Sunda anu pangaosna mirah, sarta tiasa dipésér di mana baé. Upami aya pancén basa Sunda urang ogé apan sok peryogi ku kamus téh.
- Siswa 6 : Abdi, pun Yuni, ti kelompok 7 badé ngiring mairan! Leres anu didugikeun ku réréncangan nembé, supados masarakat tiasa diajar basa Sunda kedah aya tempat kursus, kedah aya kamus. Nanging ceuk abdi nu pentingna pisan mah kedah aya kasadaran dina diri urang, yén basa Sunda téh banda urang anu kedah dipiara. Kedah dihargaan bari dianggo dina kahirupan sadidinten. Rek leres undak-usukna rék henteu, anu penting nyarios ku Basa Sunda. Mung Sakitu. Hatur Nuhun!
- Panumbu Catur : Hatur nuhun kana pamair ti réréncangan sadaya. Tina sawala urang nembé rupina tiasa dicindekeun, yén anu penting téh nyaéta kasadaran urang

ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sadinten. Perkawis undak-usuk, naha leres atawa lepat ngalarapkeunana, rupina teu kedah janten hahalang. Nu penting urang nyarita ku basa Sunda. Tangtos baé kedah bari teras diajar, supados langkung paham, mana basa anu merenah atawa saé sareng mana anu henteu.

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya anu dipihormat, rupina sakitu anu tiasa kapidangeun dina ieu sawala. Hatur séwu nuhunkana perhatosan ti sadayana. Hapunten bilih aya kakirangan sareng kalepatan. *Wassalamu'alaikum wr. wb.*

Latihan

Sangkan hidep leuwih paham kana eusi téks di luhur, pék jawab ieu pananya kalawan singget tur merenah!

1. Cing jéntrékeun ku hidep, naon pancénna panata acara téh?
2. Acara naon anu dijejeran ku panata acara dina éta téks téh?
3. Naon cenah maksudna éta acara bet dihariringkeun kawih “Sabilulungan”?
4. Ceuk hidep kira-kira naon anu bakal jadi pamecut préstasi para siswa dina éta acara?
5. Kumaha pamanggih hidep kana omongan panata acara dina éta téks? Lebah mana alusna atawa kahéngkérana?
6. Jéntrékeun naon bédana pancén panata acara jeung panumbu catur?
7. Naon jejerna sawala anu dicaritakeun dina téks omongan panumbu catur téh?
8. Ceuk pangjejer, kumaha kaayaan urang Sunda ayeuna dina ngagunakeun basa Sunda?
9. Kumaha pamanggih hidep kana pasualan undak-usuk basa anu disawalakeun dina éta téks?

10. Panumbu catur téh pancénna purah ngatur lumangsungna sawala (diskusi). Cing pék tuduhkeun lebah mana pancén panumbu catur dina téks di luhur!

B. Niténan Téks

Sabada ditiénan, conto téks omongan panata acara di luhur téh aya sasaruanaana jeung naskah biantara, nyaéta ayana bagian bubuka jeung panutup anu kalimah-kalimahna ilahar sok digunakeun dina biantara. Upamana baé nepikeun puji sukur sarta nganuhunkeun ka jalma-jalma anu ngaluuhan acara. Panata acara téh pancénna purah ngatur lumangsungna hiji acara sangkan ngaguluyur kalawan tartib. Manéhna anu méré waktu sarta ngahaturan saha baé anu cacarita atawa midangkeun pintonan. Ku sabab kitu, nyaritana teu kudu papanjangan. Cukup ku ngahaturan, nganuhunkeun, sarta nepikeun koméntar saperluna. Titénan ieu conto téks omongan anu di luhur tadi!

1. Ngahaturan:

Salajengna sim kuring ngahaturan Sadérék Syifa Rahmawati kanggo maoskeun ayat suci Al Qur'an. Sumangga dihaturan!

2. Nganuhunkeun:

Hatur séwu nuhun ka Pupuhu Panitia, kersana Bapa Drs. Galih Sundana anu parantos ngadugikeun biantara laporanana.

3. Nepikeun koméntar:

Sabilulungan, sipat silihrojong. Sipat urang Sunda nu kalintang éndahna. Pamugi kawih anu nembé dihaharingkeun sing nyerep kana angen, sing nitih kana ati sanubari. Dina enggoning diajar urang salamina tiasa silihrojong, silihasih ku pangarti, silihasah ku kabisa, silihasuh ku kaweruh.

4. **Mungkas acara:**

Bapa miwah Ibu, kalih hadirin sadaya anu sami rawuh!

Acara Paturay Tineung parantos lekasan.

Tisimkuring, rupinasakitu nukapihatur. Hapunten bilihaya basa anu kirang merenah. Bobo sapanon carang sapakan, luhur saur bahé carék, mugia kersa ngahapunten.

Billahitaufik wal hidayah wassalamu'alaikum wr. wb.

Sagédéngeun éta panata acara kudu tandes lebah ngatur waktu, sangkan acara henteu ngambay, tapi saluyu jeung waktu anu geus dibadamikeun ti anggalna. Malah anu rék biantara atawa anu rék mintonkeun pagelaran, kudu dipaheutkeun heula waktuna ti anggalna. Maksudna ngarah katémbong durasi (lilana) saban-saban anu midang sarta luyu jeung waktu anu geus dirancang ti anggalna. Upama teu kitu, aya kalana anu biantara atawa magelaran sok kajongjonan tepi ka nyontang waktu anu lian.

Dina conto wacana anu kadua, nyaéta omongan panumbu catur, ku urang katingal ayana sasaran jeung omongan panata acara. Panumbu catur ogé ngan saukur ngatur lumangsungna 'acara', nyaéta sawala. Kalungguhanana nganteurkeun anu rék cacarita nyaéta pangjejer anu nepikeun pedaran, jeung jalma-jalma anu rék mairan kana pasualan anu disawalakeun. Émbohnya ti éta, dina pungkasan sawala, panumbu catur sok nyindekkeun naon-naon anu dipadungdengkeun. Jadi upama dicindekkeun, pancén panumbu catur téh ngawengku:

1. **Muka sawala sarta ngahaturan pangjejer:**

Assalamu'alaikum wr. wb.

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya anu dipihormat, dina danget ieu sim kuring sapakaranca ti kelompok hiji badé medar pasualan "Ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé". Ieu pasualan badé didugikeun ku Sadérék Jajang, sumangga dihaturanan!

2. Ngahaturan pamilon pikeun mairan atawa nepikeun kamandang:

Hatur nuhun ka Sadérék Jajang anu parantos ngadugikeun pasualan. Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya, rupina éta jejer pasualan anu diasongkeun ku sim kuring saparakanca kanggo bahan sawalakeuneun urang danget ieu. Jalaran kitu, sim kuring badé langsung waé masihan waktos ka réréncangan sadayana supados mairan, ngadugikeun pamendak masing-masing. Sumangga, saha anu badé mairan?

3. Ngahudang sumanget pamilon sangkan mairan sarta nepikeun aturan sawala:

Hatur nuhun ka réréncangan anu parantos ngedalkeun pamendakna. Sawala urang janten langkung ramé. Naha undak-usuk kedah dileungitkeun atawa henteu, mangga tiasa dipairan deui ku nu sanés. Nanging anu badé mairan atawa ngadugikeun pamendak, mugi henteu papanjangan. Singget baé nujul kana poko pasualan. Mangga saha deui anu badé mairan?

4. Mungkas sarta nyindekkeun sawala:

Hatur nuhun kana pamair ti réréncangan sadaya. Tina sawala urang nembé rupina tiasa dicindekeun, yén anu penting téh nyaéta kasadaran urang ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sadidinten. Perkawis undak-usuk, naha leres atawa lepat ngalarapkeunana, rupina teu kedah janten hahalang. Nu penting urang nyarita ku basa Sunda. Tangtos baé kedah bari teras diajar, supados langkung paham, mana basa anu merenah atawa saé sareng mana anu henteu.

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya anu dipihormat, rupina sakitu anu tiasa kapidangkeun dina ieu sawala. Hatur séwu nuhun kana perhatosan ti sadayana. Hapunten bilih aya kakirangan sareng kalepatan.

Wassalamu'alaikum wr. wb.

C. Metakeun

1. Panata Acara

Kagiatan:

- Baca sarta apalkeun jeung batur sakelompok ieu téks panata acara.
- Pilih salah sahiji téks panata acara anu disadiakeun di handap.
- Tangtukeun saha anu rék ngaragakeun jadi panata acara di hareupeun kelas ti masing-masing kelompok.
- Tangtukeun saha anu rék dianggap modél (jalma-jalma anu dihaturan biantara atawa midangkeun pintonan) dina éta acara. Dina émprona, éta modél téh henteu kudu biantara enyaan atawa midangkeun pintonan. Cukup ku maju ka hareup sarta dianggap geus biantara atawa mintonkeun hiji pagelaran. Leuwih hadé upama éta model anu dihaturan téh ti kelompok anu séjén, ngarah leuwih resep diajarna.
- Kelompok anu henteu minton kudu meunteun kapunjulan jeung kahéngkérangan kelompok anu minton.

Téks Omongan Panata Acara

Téks 1 (Acara Pinton Seni Agustusan)

Assalamu'alaikum wr. wb.

Bapa miwah Ibu, hadirin sadaya warga masarakat RW 01, anu dipihormat!

Alhamdulillah dina wengi ieu urang sadaya tiasa kempel ngariung di ieu tempat kanggo nyakséni acara “Pinton Seni Agustusan”. Ieu acara téh diayakeun ku Karang Taruna RW 01, kanggo miéling HUT RI ka-68, minangka tawis sukur kana ni'mat kamerdékaan anu parantos dipaparinkeun ku Alloh SWT ka urang sadaya.

Hatur séwu nuhun ka Bapa RW, Bapa RT, sareng para sesepuh masarakat, anu parantos ngarojong dugi ka ieu acara tiasa lumangsung.

Teu hilap, hatur nuhun pisan ka para warga, anu parantos kersa sumping hadir dina wengi ieu. Pamugi ieu acara téh sing tiasa ngaraketkeun sareng mageuhan tatali silaturahmi urang sadaya. Amin

Hadirin hormateun sim kuring!

Supados ieu acara lumangsung kalayan lungsur-langsar sarta aya dina rido Alloh SWT, sumangga urang kawitan ku maoskeun basmallah sasarengan, *bismillahirrohmanirrohim*.

Salajengna, sim kuring salaku panata acara, peryogi ngadugikeun naon baé anu badé dipintonkeun dina ieu “Pinton Seni Agustusan” téh. Sumangga, ieu runtuyan acarana:

1. Bubuka.
2. Laporan Pupuhu Panitia.
3. Pintonan Kawih “Karatagan Pahlawan” ti Rampak Sekar Ibu-ibu PKK.
4. Biantara pangbagéa:
 - a. Biantara ti Bapa RW 01.
 - b. Biantara ti tokoh masarakat.
5. Papasrahan piagem sareng hadiah ka para pinunjul dina rupa-rupa lomba anu parantos diayakeun di RW 01.
6. Hiburan (pintonan rupi-rupi kasenian):
 - a. Tari Kréasi murangkalih
 - b. Karinding Karang Taruna
 - c. Penca Silat
 - d. Jaipongan
 - e. Pagelaran drama perjuangan
7. Panutup & du’a

Éta acara-acara anu insya Alloh badé kasaksén ku urang dina wengi ieu. Salajéngna sim kuring ngahaturanan pupuhu Panitia kanggo ngadugikeun biantara laporanana. Sumangga Kang Jajang Suharja dihaturanan!

.....

Hatur séwu nuhun ka Pupuhu Panitia anu parantos ngadugikeun biantara laporanana.

Salajengna, sumangga urang sami-sami ngabandungan hariring kawih “Karatagan Pahlawan” anu badé dipintonkeun ku Rampak Sekar ibu-ibu PKK RW 01. Sumangga dihaturanan!

.....

Matak reueus tur ajrih ka para pahlawan. Aranjeunna parantos babakti ka lemahcai, ikhlas rido nandonkeun jiwa sareng raga kanggo kamerdékaan ieu nagri. Pamugi kawih anu nembé dihaharingkeun sing janten pieunteungeun kanggo urang sadaya. Teras bajoang kanggo kamaslahatan balaréa.

Bapa miwah Ibu, hormateun sim kuring!

Acara salajengna nyaéta biantara pangbagéa. Biantara anu kahiji badé didugikeun ku Bapa Usép Kusnandar, Ketua RW 01. Sumangga kersana Bapa Usép Kusnandar dihaturanan!

.....

Hatur nuhun ka Bapa RW 01 anu parantos ngadugikeun biantara pangbagéana.

Salajengna, biantara pangbagéa anu kadua badé didugikeun ku Bapa Éman Sulaéman salaku wawakil ti tokoh masarakat. Sumangga dihaturanan.

Hatur nuhun ka Bapa Éman Sulaéman. Pamugi rupining harepan sareng piwejangna sing janten bahan cecepegan urang enggoning ngahirupkeun kagiatan para rumaja di lingkungan RW 01.

Hadirin, urang nincak kana acara anu kalintang diantos-antosna, nyaéta acara hiburan anu badé mintonkeun karancagéan seni nu aya di lingkungan RW 01. Urang bakal ningali pintonan tari kréasi, karinding, penca silat, jaipongan, sareng pagelaran drama perjuangan.

Mangga, pintonan anu kahiji kasanggakeun Tari Kréasi ti Néng Santi sapakaranca. Urang bagéakeun ku keprok!

.....

Aduuuh... mani kayungyun nya! Keur gareulis téh mani palinter tiasa nari. Hatur nuhun Néng Santi sapakaranca. Urang du’akeun, mugi sing jaranten penari anu kasohor dina mangsa nu bakal datang.

Salajengna, urang sakséni pagelaran Karinding ti para rumaja Karang Taruna RW 01. Alhamdulillah, ieu kasenian buhun téh ayeuna tiasa hirup deui sarta dipikaresep ku para rumaja di lingkungan masarakat. Sumangga, Yayan sapakaranca dihaturan! Hadirin mugi keprok!

.....

Wah...luar biasa. Sok sanaos waditrana ukur tina awi sajeungkal, nanging janten pidangan kasenian nu matak hélok ningalina. Hatur nuhun ka yayan sapakaranca. Salajengna, di lingkungan RW urang ogé aya Padépokan Penca “Aji Raga” anu dipingpin ku Bapa Udung. Seueur para rumaja sareng murangkalih anu dialajar penca di ieu padépokan. Tah, wengi ieu aranjeunna badé pinton wewesén. Cik urang tingali, kumaha hut-hétna murangkalih téh! Sumangga Kiki sareng Gian anu badé mintonkeun penca kembang, dihaturan!

.....

Tos matak reueus deui baé. Kiki sareng Gian sakitu kesitna metakeun jurus-jurus penca. Tah, ayeuna mah anu badé minton téh sanés hut-hét, nanging ngagitek sareng ngadilak. Sumangga dihaturan, Néng Yani Yuliani badé mintonkeun tari jaipongan! Mugi keprok!

.....

Wah,wah...Néng Yani mani éndah kitu gerakna. Urang du’akeun sing janten penari jaipong anu hébat tur sohor!

Hadirin, minangka pintonan pamungkas, badé kasanggakeun drama perjuangan “Lalaki di Pasir Getih ”. Ieu drama dimaénkeun ku para rumaja Karang Taruna, kalayan disutradaraan ku Rangga Rahadian. Sumangga dihaturan!

.....

Luar biasa! Urang sadaya tingsariak ningal pagelaran tadi. Hiji lalaki nu mandi getih, ngorbankeun nyawana keur kamérdékaan lemahcai. Horéng seueur calon aktor hébat di RW 01 téh. Mugi keprok sakali deui! Hatur nuhun ka Rangga Rahadian sang sutradara, sareng sadaya pamaén anu parantos mintonkeun drama nu sakitu saéna.

Hadirin, *alhamdulillah*, acara demi acara parantos lekasan. Minangka tawis sukur, sumangga ieu acara urang pungkas ku du’a sasarengan,

kalayan dipingpin ku Bapa Ustad Mahmud. Sumangga Pa Ustad dihaturanan!

.....

Bapa miwah Ibu, kalih hadirin sadaya anu sami rawuh!

Acara Pinton Seni Agustusan parantos lekasan. Ti sim kuring, rupina sakitu nu kapihatur. Hapunten bilih aya basa anu kirang payus kadanguna, kirang merenah larapna. Mugia kersa jembar ngahapunten.

Billahitaufik wal hidayah wassalamu'alaikum wr. wb.

Téks 2 (Acara Halal Bilhalal)

Dina conto téks nu ieu, panata acarana duaan, bisa ku awéwé jeung lalaki. Nyaritana bagilir sakali séwang.

Bareng : *Assalamu'alaikum wr. wb.*

Awéwé : Wilujeng sumping ka Bapa miwah Ibu, sareng para tatamu uleman! Hatur sewu nuhun parantos kersa rurumpaheun sumping nedunan pangangkir panitia. Hapunten neda tawakupna, bilih dina panampianana kirang nyugemakeun.

Lalaki : Bapa Kapala Sakola kalih Ibu hormateun sim kuring, Bapa Mubalig, kersana Bapa Ustad..... hormateun sim kuring Bapa miwah Ibu kulawadet SMP Negeri... , kalih para uleman sadaya anu sami-sami dipihormat!

Langkung tipayun sumangga urang nyanggakeun puja kalih puji ka Gusti Nu Maha Suci. Jalaran rahmat ti manten-Na pisan, dina danget ieu urang sadaya tiasa lawung patepang, silaturahmi dina raraga Halal bil Halal. Pamugi ieu lawungan teh sing kebek ku rahmat sareng barokah ti Alloh SWT. Ginulur karahayuan ginanjar ku kabingahan.

Awéwé : Solawat miwah salam pamugi salamina dikocorkeun ka Jungjunan urang sadaya, Kangjeng Nabi Muhammad SAW, ka kulawargina, ka para sahabatna, kalih ka jalmi-jalmi soleh sapandeurieunana. Pamugi urang sadaya kenging syafaatna jaga di yaumil ahir. Amin.

- Lalaki : Hadirin hormateun sim kuring!
Éstu teu karaos bagilirna waktos. Asa cikenéh pisan urang sami-sami ngalakonan ibadah saum, nu dipungkas ku Idul Fitri. Insya Alloh urang sadaya lir gubrag deui ka alam dunya, lahir dina fitrah kasucian. Teu aya deui anu diseja, iwal ti urang hoyong nyampurnakeun éta kasucian, ku cara silih hapunten, silih lubarkeun dosa sareng kalepatan. Jalaran tangtos, saban waktos urang pagiling gisik, aya lisan sareng perbuatan, nu dihaja sareng teu dihaja nu matak nyigeung nu lian. Insya Alloh dina dangeut ieu urang lubarkeun rupining rereged manah. Klik putih clak herang, caang bulan opat welas.
- Awéwé : Bapa miwah Ibu hormateun sim kuring! *Insya Alloh* ieu acara Halal bil Halal badé ngaruntuy dina sababaraha mata acara, nyaéta:
1. Bubuka
 2. Ngaoskeun Ayat Suci Al Qur'an
 3. Laporan Pupuhu Panitia
 4. Biantara Pangbagea ti Ketua Komite
 5. Pintonan seni ti artis-artis SMPN.....
- Lalaki : 6. Ceramah Tausiah Halal bil Halal anu badé didugikeun kuPangersa Bapa Ustad.....
7. Biantara Pangbagea ti Bapa Kapala Sakola
 8. Pagelaran Drama
 9. Panutup/Du'a
 10. Musafahah
- Awéwé : Bapa miwah Ibu! Sumangga ieu acara urang buka sasa-rengan kalayan ngucap-keun basmallah.... *bismillahir-rohmanirrohim*. Salajengna sumangga ... dihaturanan kanggo ngaoskeun ayat suci Al Qur'an!
-
- Lalaki : Hatur nuhun ka kersanaanu parantos ngaoskeun ayat suci Al Qur'an. Pamugi galindeng ayat suci Al Qur'an sing nambahan rohmat sareng kabarokahan kana ieu pasamoan. *Amin ya Alloh ya Robbal Alamin!*
- Salajengna biantara laporan ti Pupuhu Panitia. Sumangga Bapa dihaturanan!
-

Awéwé : Hatur sewu nuhun ka Bapa.... anu parantos ngadugikeun biantara laporanana. Salajengna sumangga urang sami-sami ngadangukeun bian-tara pangbagea ti Bapa Ketua Komite SMPN ... Ka kersana Bapa ... sumangga dihaturanan!

.....

Lalaki : Hatur séwu nuhun ka kersana Bapa....anu parantos ngadugikeun biantarana. Hadirin, supados suasana langkung seger, sim kuring badé ngahaturanana para siswa artis-artis idol SMPN..... anu ngarimpen hoyong tiasa lebet ka Studio Rékaman (hé hé hé...). Aranjeunna badé ngagalindengkeun laguan Islami. Sumangga urang keprok!

.....

Awéwé : Wahh...luar biasa. Pintonan nu matak reueus! Salajengna sumangga urang nincak kana acara poko, nyaeta tausiah, pedaran hikmah silaturahmi, anu badé didugikeun ku kersana Bapa Ustad.... Sumangga dihaturanan!

.....

Lalaki : Hatur sewu nuhun ka Bapa Ustad.... Pedaran anjeunna nembé éstuning leubeut ku rupi-rupi hikmah. Mugi sing janten bahan lenyepaneun urang sadaya, tur tiasa ngahudang sumanget silaturahmi.

Awéwé : Salajengna sumangga urang sami-sami dangukeun biantara Pangbagea ti Bapa Kapala Sakola. Sumangga ka pangersana Bapa.... dihaturanan.

.....

Lalaki : Hatur séwu nuhun ka Bapa Kapala Sakola anu parantos ngadugikeun biantarana. Bapa miwah Ibu, acara urang lajengkeun kana pagelaran drama.

Awéwé : Ieu pagelaran téh dipintonkeun ku para siswa SMPN... anu ageung karesepna kana Seni Sastra & Téater. Kantenan baé ieu téh hiji kareueus kanggo urang sadaya. Hadirin, wilujeng nyakséni!

.....

Lalaki : Hatur nuhun ka Sanggar Sastra SMPN... anu parantos ngébréhkeun karancagéanana anu kalintang antebna. Pa-mugi ieu sanggar téh tiasa teras makalangan dugi ka janten sanggar anu kasohor di Jawa Barat! Amin!

- Awéwé : Hadirin!
 Rupining acara parantos digelar. Tangtos waé acara Halal Bihalal ieu kirang anteb, saupami henteu diuwuhan ku musafahah. Namung sateuacanna ka kersana ... Dihaturanan kanggo ngajejeran ngadu'a sasarengan.
 Ka Bapa Dihaturanan!
- Lalaki : Hatur nuhun ka kersana anu parantos ngajejeran du'a. Pamugi Alloh ngabulkeun sagala paneda sareng pamaksadan urang sadayana. Amin!
 Bapa miwah Ibu, rupina sakitu acara-acara anu tiasa kapidangkeun dina danget ieu.
- Awéwé : Hatur nuhun kana sagala rupi perhatosanana. Ne-da tawakupna, boh bilih aya kecap katut réngkak sim kuring saparakanca (ti réngrénggran Panitia) anu kirang merenah kana manah hadirin sadaya. Neda agung cukup lumur jembar pangampura, hapunten anu kasuhun!
- Lalaki : *Saninten buah saninten*
Saninten di parapatan
Hapunten abdi hapunten
bilih aya kalepatan
 Mangga urang tutup ieu acara ku macakeun hamdallah sasarengan! *Alhamdulillahirobbil 'alamin.*
- Bareng : *Wabillahi taufik walhidayah*
Wassalamu'alaikum warohmatullohi wabarokatuh!

2. Panumbu Catur (Modérator)

Kagiatan:

- Baca sarta apalkeun jeung batur sakelompok ieu téks omongan panumbu catur
- Tangtukeun ti masing-masing kelompok, saha anu rék ngaragakeun jadi panumbu catur
 dina kagiatan sawala (diskusi) di hareupeun kelas.
- Tangtukeun saha anu rék jadi pamilon dina sawala.
- Pilih salahsahiji jejer sawala, sakumaha anu aya dina conto-conto téks omongan panumbu catur di handap!

- e. Kelompok anu henteu sawala kudu meunteun kapunjulan jeung kakurangan kelompok anu ngaragakeun sawala di hareupeun kelas.

Téks Omongan Panumbu Catur (Modérator)

Conto 1

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya anu dipihormat.

Sim kuring saparakanca ti kelompok....badé medar pasualan “Kumaha ngungkulan siswa anu resep kabur ti sakola.”

Méh unggal dinten, urang sok ningal aya siswa anu kalabur atawa barolos ti sakola. Sanaos maranéhna sok sering dipanggil ka BP, tapi angger baé sok kalabur. Tah, dina danget ieu, mangga urang sawalakeun, kinten-kinten kedah kumaha ngungkulanana.

Numutkeun pamendak sim kuring saparakanca, cara ngungkulanana, nyaéta:

- 1. Hukuman atawa sangsi ti sakola kedah tegas. Upamina waé siswa anu kabur langkung ti tilu kali kedah dipasih an serat peringatan sarta sepuhna dipanggil ka sakola. Upami angger kénéh resep kabur, tiasa diancam dikaluarkeun, ssjb.*
- 2. Kedah dipaluruh sabab-musababna. Naon anu nyababkeun siswa kabur; naha teu aya guru, naha siswa si A téh sieun ku guru, atawa di luareun sakola aya hal anu matak resep (upamina waé tempat game/PS, ssjb.) dugi ka siswa langkung kataji maén game tibatan diajar di kelas. Upami tos kapendak sabab-musababna, rupina bakal gampang ngungkulanana.*

Rupina éta anu tiasa didugikeun ku sim kuring. Sumangga, bilih réréncangan aya anu badé mairan atawa nyempad, sumangga dihaturan.

Conto 2

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya anu dipihormat.

Sim kuring saparakanca ti kelompok....badé medar pasualan “Naon sababna urang kudu ngariksa lingkungan alam.”

Ayeuna urang sering pisan nguping ayana musibat caah atawa urug. Di sawatara wewengkon, seueur jalmi anu tingkocéak katarajang banjir atawa urug. Saur para ahli lingkungan, ayana caah sareng taneuh urug téh balukar tina lingkungan alam anu ruksak. Tangkal kai dituaran di mana-mana. Gunung sareng pasir darugul. Balukarna upami halodo hésé cai, upami aya hujan datang caah sareng urug.

Jalaran kitu, teu aya deui cara, upami lingkungan hoyong asri, ku urang kedah dijaga diriksa. Urang kedah sadar pentingna melak tatangkalan. Upami urang gaduh lahan, naha di buruan, di sakola, atawa di kebon, hayu urang pelakan ku tatangkalan. Melak tatangkalan téh bagian anu pangpentingna dina ngariksa lingkungan.

Rupina mung sakitu nu tiasa dididugikeun ku sim kuring. Mangga bilih aya réréncangan anu badé mairan!

Conto 3

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya hormateun sim kuring.

Hapunten sateuacanna, sim kuring saparakanca ti kelompok....dina danget ieu badé nyobian medar pasualan anu insya Alloh bakal ramé disawalakeun, nyaéta “Naon hadé jeung goréngna boga kabogoh di sakola.”

Sateucananna sim kuring badé tumaros, cing saha di kelas urang anu tos gaduh kabogoh?

Numutkeun sim kuring sapakaranca, gaduh kabogoh di sakola téh aya positif-na sareng aya négatifna. Positifna, tiasa janten motivasi atawa pamecut sumanget diajar. Komo upami kabogohna sakelas mah, urang bakal éra ku kabogoh upami préstasi urang awon. Da biasana ari ku kabogoh mah sagala rupa ogé sok hoyong kapuji. Tah, ari hoyong kapuji dina préstasi mah nya saé pisan, urang diajarna bakal langkung serius.

Nanging aya rugina atawa négatifna. Upami gaduh masalah sareng kabogoh biasana urang sok bété. Upamina baé ningal kabogoh caket sareng batur, urang sok cemburu. Komo upami putus mah, wah matak **boring** wéh. Diajar teu konséntrasi, sagala rupa horéam, da inget baé ka kabogoh.

Numawi ceuk pamanggih sim kuring mah, upami urang gaduh kabogoh ulah kajongjonan teuing. Ulah serius teuing, lah! Bilih konséntrasi urang kaganggu. Ari sumanget diajar mah tiasa dipecut ka naon baé, sanés ku bobogohan.

Rupina mung sakitu nu tiasa dididugikeun ku sim kuring. Mangga bilih aya réréncangan anu badé mairan!

Conto 4

Bapa/Ibu Guru kalih réréncangan sadaya anu dipihormat.

Sim kuring saparakanca ti kelompok....badé medar pasualan “Naha siswa SMP perlu boga hand phone (HP)?

Ku kamajuan jaman, ayeuna mah méh unggal jalmi tos kagungan Hand Phone. Di sakola ogé tos seueur réréncangan urang anu nyarandak HP ka sakola. Tah, anu badé disawalakeun ku urang ayeuna, naha siswa SMP peryogi atawa henteu nyandak HP ka sakola? Upami peryogi, naon baé mangpaatna urang nyandak HP ka sakola? Naha henteu matak nimbulkeun timburu nu sanés?

Sumangga urang sawalakeun. Sim kuring moal papanjangan cumarios. Badé teras masihan waktos wé ka réréncangan anu badé mairan ngadugikeun pamanggihna masing-masing. Mangga saha anu badé sasauran?

3. Latihan Nyusun Téks

Kegiatan 1:

1. Pék jieun conto téks panata acara ku hidep jeung batur sakelompok.
2. Pilih salah sahiji acara anu disadiakeun di handap.

Acara:

- a. Muludan
- b. Rajaban
- c. Kawinan (Papasrahan calon pangantén)
- d. Pinton seni di sakola
- e. Paméran & Bazar di sakola

Kegiatan 2:

1. Jieun conto téks panumbu catur, pigawé jeung batur sakelompok.
2. Jejerna sawalana ditangtukeun ku masing-masing kelompok.

D. Pancén

1. Hidep kudu hadir dina hiji acara atawa bisa ningali dina vcd. Pék titénan jalma anu kakapancénan jadi Panata Acara. Tengetan sing imeut kumaha pok-pokan nyaritana, sikep atawa anggah-ungguhna, malah papakéanana ogé teu nanaon dititénan, pantes-henteuna.
2. Téangan pasualan aktual, boh tina warta televisi boh tulisan tina koran atawa majalah anu bisa jadi bahan sawala. Pék sawalakeun di kelas, kalawan nangtukeun saha anu jadi pangjejer jeung panumbu catur ti saban kelompok.



Sumber: www.datasunda.com

PANGAJARAN
2

ADAT DI PILEMBURAN

Urang Sunda hirup jeung budayana. Rupa-rupa kabiasaan atawa tradisi kasampak kénéh ku urang di pilemburan. Urang lembur umumna tunduh kénéh ngariksa adat kabiasaan titinggal karuhun. Komo deui di lembur-lembur anu henteu loba kapangaruhan ku modérénisasi, upamana baé di Baduy, Kampung Naga, Ciptagelar, Kampung Pulo, Kampung Dukuh, jeung sajabana. Tah, sangkan hidep terang, kumaha urang lembur miara budayana, dina ieu pangajaran aya sababaraha tulisan anu medar éta perkara; Kampung Budaya Sindangbarang, kabiasaan urang Sunda anu masih dipilampah tepi ka ayeuna nyaéta Nadran, ngahirupkeun deui kaulinan barudak, jeung paélmuan urang Sunda ngeunaan rupa-rupa lemah (taneuh). Urang rék maca wacana, mikanyaho eusina, sarta niténan pakeman basa nu aya dina éta wacana.

A. Maca Wacana

Baca sing imeut ieu wacana di handap!

Kampung Budaya Sindangbarang

Kampung Budaya Sindangbarang téh perenahna di Sindangbarang, Désa Pasireurih, Kacamatan Tamansari, Kabupatén Bogor Barat. Anggangna kira-kira 5 kilométer ti Kota Bogor. Kawilang babari upama urang hayang ngajugjug ka ieu tempat. Bisa tumpak angkot jurusan Sindangbarang, turun di pertelon. Ti dinya mah kari tumpak ojég. Jalanna kawilang nanjak sarta loba péngkolan. Tapi upama geus anjog ka Kampung Budaya, urang dipapagkeun ku pamandangan alam nu matak waas. Leuweung maleukmeuk di jauhna. Imah-imah panggung parentul. Ngajajar asri tur hégar katénjona. Aya Imah Gedé, nyaéta imah pupuhu kampung nu nampeu ka lahan nu lega ngagemblang, kawas alun-alun. Di sisi ieu lahan ngadarangong leuit nu suhunanana nyarungcong éndah pisan. Tangkal kalapa jeung awi tingrunggunuk di sawatara tempat. Aya batu ngadarungkuk di buruan Imah Gedé, diriung ku kekembangan.

Kumaha kasang tukangna ieu kampung budaya Sindangbarang téh?

Ceuk katerangan ti Ahmad Mikami Sumawijaya, nu kapapancénan jadi Pupuhu Kampung, Kampung Sindangbarang téh geus aya ti jaman Karajaan Pajajaran. Dina naskah Pantun Bogor ditétélakeun yén di ieu kampung aya 33 pundén batu nu undak-undakan. Ieu pundén téh minangka tempat paranti muja semédi urang Pajajaran. Rakéan Darmasiksa nu harita nyekel kakawasaan di Pakuan Pajajaran, maréntahkeun sangkan nyieun pundén batu di Sindangbarang. Dina carita pantun Bogor ditétélakeun; “Ulah Sindangbarang geusan tata pangkat diganti deui. Sang Pamanah Sang Darmajati, tanah lemah tutup bumi, tutup buana dat mulusna.” Tina éta ungkara katémbong yén Sindangbarang téh dikaramatkeun, dianggap tempat suci. Malah dianggap papayung buana sangka tetep mulus rahayu.



Sumber: www.datasunda.com

Kampung Sindangbarang aya di wewengkon nu tanahna subur. Ku sabab kitu hasil tatanén teu weléh *cukul*. Rahayat hirup tengtrem tur raharja. Saban taun sok diayakeun upacara adat “Sérén Taun”. Minangka tanda sukur ka Gusti Nu Maha Suci, ngeunaan hasil tatanén, sarta miharep hasil nu leuwih punjul dina taun hareup. Tapi éta tradisi téh henteu terus manjang. Kira-kira dina taun 70-an upacara “Sérén Taun” geus teu dilaksanakeun deui, sarta imah-imah panggung mimiti lus-les laleungit. Éta sababna pikeun ngariksa budaya titinggal karuhun, dina taun 2006

Kampung Sindangbarang dirékonstruksi deui. Diadegkeun deui dumasar kana katerangan nu kaunggel dina Pantun Bogor. Nya jleg baé ahirna jadi Kampung Budaya Sindangbarang, kawas anu témbong ayeuna.

Di bagian lahan anu rada luhur, aya Imah Gedé, tempat matuhna Pupuhu Kampung. Wangunanana gedé, lalega, dipasieup ku suhunan julang ngapak. Gigireunana aya imah Girang Serat, tempat pamatuhan girang serat, nyaéta jalma anu pancénna purah mantuan Pupuhu Kampung dina ngokolakeun adat jeung kahirupan di Sindangbarang. Teu jauh ti dinya aya deui Saung Talu. Ieu mah wangunan paranti mintonkeun rupa-rupa kasenian. Éta wangunan téh tiluanana aya di sisi alun-alun anu lega, tempat paranti lumangsungna upacara adat Sérén Taun. Salian ti upacara taunan, urang Sindangbarang ogé sok ngayakeun salametan dina malemam 14 purnama. Ngirim du'a ka karuhun sarta ménta kasalametan ka Gusti Nu Maha Suci, sangkan rahayat tetep raharja. Minangka sasajénna maranéhna sok nyadiakeun kuéh tujuh rupa, minangka perlambang tujuh lapis bumi, jeung kembang tujuh rupa, perlambang tujuh lapis langit. Salian ti éta aya ogé parukuyan, kopi pait, kopi amis, surutu, jeung sajabana.

Perkara imah jeung bagian-bagianana keur urang Sindangbarang mah miboga harti anu mandiri. Bagian tengah disebutna 'buana panca tengah' nyaéta tempat cicingna manusa. Bagian handap atawa kolong imah, disebutna 'buana handap', tempat cicingna bangsa lelembut, jurig atawa siluman. Ari bagian luhur nyaéta suhunan, disebutna 'buana luhur', tempat cicingna karuhun. Kitu deui hateup injuk. Ieu ogé aya pakaitna jeung kaperayaan urang dinya. Ceuk katerangan ti kolot-kolot baheula anu terus turun-tumurun, para déwa atawa karuhun sok nurunkeun piwejang téh dina tangkal kawung. Éta sababna kawung dianggap tangkal anu suci turta injukna sok dipaké hateup keur niungan imah. Maksudna malar anu ngeusina meunang panangtayungan jeung katingtriman.

Di luhur Imah Gedé bagian hareup aya Warogé anu ngagantung. Warogé téh gambar, simbul tina jangjawokan Sunda baheula anu diukir dina kai. Gunana pikeun panulak bala sangkan henteu diganggu ku bangsa lelembut nu boga maksud jahat. Warogé téh asalna tina kecap daruga atawa darugi, robahan tina kecap durga atawa durgi. Dina mitologi Hindu, durga téh Dewi Uma anu disupata ku Batara Guru tepi ka wujudna robah

jadi raksési nu pikasieuneun. Durga dibuang ka leuweung Sétra Ganda Mahayu, karajaan siluman tempat kumpulna roh-roh jahat. Déwi Darugi kawin jeung Batara Kala sarta duanana jadi mahluk jahat. Éta mitologi téh dipercaya ku Urang Sunda baheula. Nyi Darugi jeung Batara Kala sok datang sarta nganggangu manusa. Éta sababna di imah kudu dipasaang warogé minangka taméng panulak bala. Warogé sok digambar dina awi sarta ditancebkeun di juru-juru imah.



Warogé nu sok digantungkeun di imah. Sumber: dokumen pribadi

Gambar atawa simbul dina warogé téh miboga ngaran jeung harti masing-masing. Haranghasuan (warogé simbul seuneu), gunana pikeun ngalolongkeun panon lembut nu niat ngaganggu pakampungan atawa lahan tatanén. Ratuning Tutulak (warogé simbul taneuh), pikeun panulak bala tina gangguan manusa atawa jin nu niat jahat. Watu Panggilang (warogé simbul batu), panulak bala tina gangguan mahluk gaib nu aya dina batu. Wangapah (warogé simbul cai), panulak bala tina gangguan mahluk gaib nu aya di cai. Wawayangan (warogé simbul angin), panulak bala tina gangguan mahluk gaib nu aya di awang-awang.

Urang Sindangbarang téh ngagem agama Islam sarta tokoh kana adat titinggal karuhun. Éta sababna dina ngalaksanakeun kawajiban agama loba kacampuran ku adat kabiasaan. Ari pakasaban sapopoéna aya anu tatanén, melak paré jeung sajabana. Aya ogé anu jadi wiraswasta nyaéta

nyarieun batik jeung sapatu. Sapatu ti Sindangbarang dijual ka Pasar Anyar Bogor jeung ka Pasar Pagi atawa Jatinegara, Jakarta. Tadina mah kawilang loba anu nyaireun sapatu téh. Ngan tuluy malencar, muka usaha di tempat séjén. Ari batik mah umumna sok dijarual di Sindangbarang baé, ka wisatawan nu daratang ka dinya. Ieu batik tradisional nu henteu ngagunakeun bahan kimia téh hargana kawilang mahal, baju upamana, hargana bisa tepi ka 150 rébu.

Kasénian ogé dipiara. Barudak loba anu dialajar nabeuh gamelan atawa tari. Saban malem minggu kolot-kolot sok nabeuh gamelan di Saung Talu. Tapi kasénian nu kawilang unik mah nyaéta “parebut sééng”. Ieu kasénian téh saenyana kaasup penca. Diayakeunana upama aya jajaka anu rék ngalamar mojang. Tah, si jajaka téh kudu némbongkeun kamahéran menca sarta kudu bisa ngarebut sééng ti hiji lalaki. Upama sééng bisa karebut, mojang anu dipikahayang bisa dikawin. Tepi ka ayeuna éta tradisi “parebut sééng” téh masih aya. Ngan ayeuna mah béda. Keurna sééng teu bisa karebut, si jajaka angger bisa ngalamar. Pangna kitu lantaran kungsi aya kajadian riributan ku sabab si jajaka teu bisa ngarebut sééng sarta teu bisa ngalamar mojang anu dipikabogohna.



Batu nu dipelakkeun. Sumber: dokumen pribadi

Aya deui tradisi nu ahéng di Sindangbarang téh, nyaéta upacara melak batu, anu ilahar sok disebut Makukeun. Ieu upacara téh ngaruntuy. Dimitian ku Ngunduh Watu, nyaéta néangan atawa milihan batu di walungan. Upama geus manggih, sok tuluy meuleum menyan sarta sasadu ka lelembut nu ngageugeuh walungan yén éta batu téh rék dipindahkeun. Batu anu dipilih téh batu anu teuas sarta alus rupana jeung wangunna. Éta batu téh disebut Ungkal Biang (ungkal = batu, biang = indung), batu

indung. Geus kitu ditéma ku Ngunduh Matur, nyaéta néangan tatangkalan anu bakal dipelak di sabudeureun batu. Éta batu jeung tatangkalan tuluy dipelak deukeut Imah Gedé, kalawan maké upacara nu disebut Makukeun téa. Salian ti meuleum menyan, aya sasajénna anu disadiakeun nyaéta: rujak tujuh rupa (rujak dawegan, bonténg, caruluk, peuyeum, honjé, cau emas, jeung cuing), kembang tujuh rupa (campaka, kananga, kacapiring, tanjung, malati, kamuning, jeung érmawar), jeung seupaheun. Réngsé melakkeun batu tuluy dipungkas ku murak tumpeng anu geus didu'aan saméméhna. Brak dalahar, balakecrakan. Ari maksudna, melak batu téh malar lembur jeung pangeusina jadi kukuh. Tetep renggenek sarta tuhu ngariksna adat titinggal karuhun.

(Disundakeun sarta diopéa tina internét, tulisan Triani Hanifa)

Latihan 1

Jawab ieu pananya!

Sangkan hidep leuwih paham kana eusi wacana di luhur, pék jawab ieu pananya di handap!

1. Ceukkaterang dina wacana di luhur, pamandangan alam di Sindangbarang téh matak waas. Cing tétélakeun naon baé nu matak waas téh?
2. Saha anu jadi pupuhu kampung di Sindangbarang?
3. Dina carita naon cenah ayana katerangan kampung Sindangbarang téh?
4. Saha anu maréntahkeun nyieun pundén-pundén batu di Sindangbarang? Pikeun naon éta pundén batu téh?
6. Pék tétélakeun naon anu disebut upacara Sérén Taun!
7. Ti iraha Kampung Sindangbarang direkonstruksi? Naon sababna?
8. Kumaha ceuk kapercayaan urang Sindangbarang ngeunaan babagian imah téh?

9. Tétélakeun naon anu disebut Warogé!
10. Caritakeun ku hidep kumaha prak-prakan upacara melak batu atawa Makukeun téh!

B. Ngaguar Eusi Wacana

Wacana di luhur téh nyaritakeun Kampung Sindangbarang jeung pangeusina anu tuhu miara adat kabiasaan titinggal karuhun. Nilik kasang tukang sajarahna, kaharti upama tradisi di ieu kampung dipupusti. Ngadegna cenah geus lila pisan Kampung Sindangbarang téh, malah geus aya ti jaman Karajaan Pajajaran kénéh. Sakumaha katerangan dina carita Pantun Bogor, Rakéan Darmasiksa nu jadi Raja Pajajaran harita maréntahkeun sangkan nyieun 33 pundén batu pikeun tempat ibadah urang Pajajaran. Tegesna ti jaman harita kénéh ieu kampung dkaramatkeun, dianggap tempat suci. Malah dianggap papayung buana.

Rupaning adat tali paranti titinggal karuhun tuluy dipiara ku urang dinya, upamana baé; wangunan imah, upacara sérén taun, melak batu, jeung sajabana. Ngan ku sabab ayana pangaruh ti luar, éta kabiasaan téh sawaréh loba anu laleungit, upamana baé wangunan imah panggung. Éta sababna dina taun 2006, Kampung Sindangbarang dirénovasi. Dibebenah deui dumasar kana katerangan anu aya dina carita Pantun Bogor.

Tradisi anu tadina rék musna dihirupkeun deui, upamana baé upacara sérén taun, warogé, kasenian parebut sééng, jeung sajabana. Ku dirumatna budaya Sunda di Sindangbarang, sesebutanana ayeuna mah jadi robah, diémbohan jadi “Kampung Budaya”.

Ku maca riwayat Kampung Sindangbarang jeung adat kabiasaan nu hirup di dinya, urang jadi terang yén miara banda budaya téh pohara pentingna. Sabab dina saban titinggal budaya, boh anu mangrupa barang (imah, pakakas) boh anu mangrupa adat kabiasaan (upacara sérén taun, melak batu) aya ajén atikan anu kacida hadéna. Loba anu kudu diconto ku urang, upamana baé kumaha kuduna ngariksa lingkungan sabudeureun, leuweung, tatangkalan, jeung sajabana.

Niténan Adat Kabiasaan

Dina wacana anu tadi urang manggihan sawatara tradisi atawa budaya Sunda anu nu masih kénéh hirup di Sindangbarang, nyaéta:

1. Upacara Sérén Taun

Upacara anu diayakeun minangka tanda sukur ka Gusti Nu Maha Suci, ngeunaan hasil tatanén, sarta miharep hasil nu leuwih punjul dina taun hareup. Salian ti di Sindangbarang, upacara sérén taun téh sok diayakeun ogé di wewengkon séjénna, upama baé di Baduy, Ciptagelar, Kampung Urug, Kampung Naga, jeung sajabana. Runtuyan kagiatanana ilaharna nyaéta ngadu'a, murak tumpeng, jeung pintonan rupa-rupa kasenian tradisi.

2. Salametan Maleman Opat Welas

Salian ti sérén taun, di Sindangbarang ogé aya salametan nu diayakeun saban bulan dina maleman opat welas purnama. Ieu salametan téh ngadu'akeun anu geus parupus sarta ménta kasalametan ka Gusti Nu Maha Suci, sangkan rahayat salamet sarta raharja.

3. Wangunan Imah jeung Palasipahna

Pikeun urang Sindangbarang, imah téh diwangun ku tilu bagian sarta miboga harti sewang-séwangan. Bagian tengah disebutna 'buana panca tengah' nyaéta tempat cicingna manusa. Bagian handap atawa kolong imah, disebutna 'buana handap', tempat cicingna bangsa lelembut, jurig atawa siluman. Ari bagian luhur nyaéta suhunan, disebutna 'buana luhur', tempat cicingna karuhun.

4. Upacara Melak Batu

Upacara melak batu téh ngaruntuy dina sawatara kagiatan, nyaéta:

- a. Ngunduh Watu, néangan atawa milihan batu di walungan pikeun dijadikeun ungkal biang.
- b. Ngunduh Matur, néangan tatangkalan anu bakal dipelak di sabudeureun batu.
- c. Makukeun, melakkeun batu di hiji tempat, deukeut imah pupuhu kampung.

5. Warogé

Warogé téh gambar atawa simbul tina jangjawokan Sunda baheula anu diukir dina kai. Dina warogé aya lima gambar kalawan miboga ngaran masing-masing, nyaéta:

- a. Haranghasuan (warogé simbul seuneu), gunana pikeun ngalolongkeun panon lelembut nu niat ngaganggu pakampungan atawa lahan tatanén.
- b. Ratuning Tutulak (warogé simbul taneuh), pikeun panulak bala tina gangguan manusa atawa jin nu niat jahat.
- c. Watu Panggilang (warogé simbul batu), panulak bala tina gangguan mahluk gaib nu aya dina batu.
- d. Wangapah (warogé simbul cai), panulak bala tina gangguan mahluk gaib nu aya di cai.
- e. Wawayangan (warogé simbul angin), panulak bala tina gangguan mahluk gaib nu aya di awang-awang.

6. Kasenian Parebut Sééng

Ieu kasenian téh saenyana kaasup penca. Diayakeunana upama aya jajaka anu rék ngalamar mojang. Tah, si jajaka kudu némbongkeun kamahéran menca sarta kudu bisa ngarebut sééng ti hiji lalaki. Upama sééng bisa karebut, mojang anu dipikahayang bisa dikawin.

7. Istilah anu séjénna

Salian ti anu geus dipedar di luhur, dina wacana anu tadi aya deuih sawatara istilah anu patali jeung tradisi urang Sunda. Geura urang tataan:

- a. *Imah panggung*, imah anu aya kolongan, dadamparna anggang tina taneuh.

“Di pilemburan ogé ayeuna mah geus langka imah panggung téh.”

- b. Leuit, wangunan husus paranti nyimpen paré.
"Saban réngsé panén urang Sindangbarang ngunggahkeun paré kana leuit, diluluguan ku pupuhu kampung."
- c. Suhunan, babagian imah anu pangluhurna.
"Tuh geuning, japati téh areunteup dina suhunan!"
 Ditilik tina wangunna suhunan téh aya rupa-rupa. Tingali ieu gambar imah jeung suhunanana anu béda-béda di handap!




Suhunan jolopong



Julang ngapak



Parahu kumureb



Capit gunting



Tagog anjing



Heuay badak

- d. **Pantun**, carita buhun (baheula) anu loba nyaritakeun karajaan. Carita pantun sok dilalakonkeun ku juru pantun kalawan dipirig ku kacapi. Aya bagian carita anu sok dihariringkeun.
"Pantun téh kaasup kasenian buhun anu kiwari geus taya dikiéuna.."
- e. **Pundén**, tina kecap pundi, barang anu disuhun atawa disangga ku barang séjén; batu nu undak-undakan.
"Upama ulin ka situs urang sok manggihan pundén-pundén batu."
- f. **Sasajén**, tina kecap saji, sasajian, barang atawa kadaharan anu disajikeun, disuguhkeun. Dina kabiasaan urang Sunda sasajén téh miboga harti husus, nyaéta barang atawa kadaharan anu disuguhkeun ka karuhun atawa ka bangsa lelembut.
"Kumaha paménta Ki Dukun téh, enya cenah ménta sasajén hayam camani?"
- g. **Parukuyan**, wadah tempat meuleum menyan.
"Aki Dira ngagereyem mapatkeun jampé, nyanghareupan parukuyan nu geus ngelun."
- h. **Kolong**, rohang imah bagian handap.
"Ari hujan mah hayam téh ngariuhan ka kolong imah."
- i. **Lelembut**, dedemit, roh, mahluk gaib.
"Jurig téh kaasup bangsa lelembut anu sok ngaganggu manusa."
- j. **Kawung**, ngaran tutuwuhan, sok disadap, caina disebut lahang, amis, sok ditaheur dijieun gula.
"Lian ti disadap lahangna, kawung ogé sok diala injukna, pikeun dijieun tambang atawa hateup imah."
- k. **Panulak bala**, atawa tulak bala, barang atawa tutuwuhan anu sok dipaké nyegah gangguan bangsa lelembut, dedemit.
"Jukut palias sok dipaké tulak bala sarta ilaharna disimpen di luhureun panto."
- l. **Jangjawokan**, jampé, mantra.
"Bari madep ngulon, Nini Usih ngagereyem mapatkeun jangjawokan."
- m. **Tatanén**, barangpelak
"Di pilemburan mah loba kénéh anu tatanén téh, boh melak paré boh palawija."

14. **Gamelan**, tatabeuhan sapuratina, goong, saron, jsb. anu ilahar sok dipaké dina kasenian degung.
"Gamelan téh surupanana béda-béda, aya anu maké surupan saléndro, pélog, aya ogé degung."
15. **Ngalamar**, pihak lalaki nanyaaan ka pihak awéwé pikeun maheutkeun pernikahan.
"Béjana isukan Kang Ruhimat jeung kulawargana rék ngalamar Neng Elin."
16. **Penca**, seni béla diri anu ngutamakeun gerak dina wangun jurus-jurus.
"Di urang anu kasohor téh di antarana penca Cimandé, Cikalong, jeung Sahbandar."

Latihan 2

1. Cing pék tulis kabiasaan atawa tradisi naon nu aya di lembur atawa di lingkungan hidep! Pigawé jeung batur sakelompok!
2. Ieu di handap aya sawatara istilah anu nuduhkeun kabiasaan atawa tradisi urang Sunda. Pék téangan hartina ku hidep dina kamus!
 - a. Nyunatan
 - b. Nyawér
 - c. Nyekar
 - d. Pancakaki
 - e. Paririmbon

C. Ningkes Wacana

Sabada dibaca turta kaharti eusina, wacana "Kampung Budaya Sindangbarang" téh ku urang bisa ditingkes kalawan nyaritakeun bagian-bagian anu pokona. Titénan ieu contona:

Kampung Budaya Sindangbarang téh hiji lembur nu perenahna di wewengkon Kabupatén Bogor Barat. Ieu lembur pamandangan alamna éndah pisan. Aya leuweung, tatangkalan, alun-alun, jeung wangunan imah panggung nu parentul, hégar tur asri katénjona. Nurutkeun

sajarahna, sakumaha nu aya dina carita Pantun Bogor, ieu kampung geus aya ti jaman Karajaan Pajajaran. Dina jaman harita dianggap tempat anu suci sarta sok dipaké tempat ibadah.

Urang Sindangbarang tuteuh miara adat kabiasaan titinggal karuhun. Wangunan imah panggung jeung leuit, némbongkeun ciri has wangunan urang Sunda baheula. Aya wangunan husus nu disebut Imah Gedé, tempat pangajrekan pupuhu kampung, jeung imah Girang Serat, panganjrekan girang serat anu mantuan pancén pupuhu kampung. Dina taun 2006 Kampung Sindangbarang téh dirénovasi, dibebenah deui wangunana sarta dihirupkeun deui tradisi anu méh laleungit. Aya sawatara adat kabiasaan anu dipiara tepi ka ayeuna. Upamana baé upacara sérén taun, salametan maleman opat belas, upacara makukeun, warogé, jeung kasenian parebut sééng.

Latihan 3

1. Ieu di handap aya dua wacana anu ngaguar adat kabiasaan urang Sunda. Pék baca ku hidep sing imeut.
2. Sawalakeun eusina jeung batur sakelompok.
3. Tulis sarta téangan hartina kecap-kecap anu patali jeung adat kabiasaan.
4. Tuliskeun kumaha pamanggih hidep kana éta wacana.
5. Jieun tingkesan tina éta wacana.

Wacana

Nadran Poé Lebaran

Nyaksian nu keur nadran, bisa jadi lamun dipikiran ku alam kiwari mah aya nu matak kerung atawa boa pikaseurieun. Dina poé lebaran, kolot-kolot di pilemburan umumna nganggap ‘wajib’ nadran di kuburan téh.

Sapoé saméméh lebaran, rampé, daun pandan jeung kekembangan geus disiapkeun. Rampé bisana sok meuli ti warung. Piisukaneun lebaran

mah di warung téh sok aya rampé beulieun. Ti peuting kénéh geus diajam, nadran téh rék ka makam aki jeung nu séjénna.

Isuk-isuk kakara nyiapkeun cai dina kendi atawa dina botol. Henteu sagawayah cai deuih, tapi kudu anu geus dijiad heula ku kokolot lembur. Nu matak rebun-rebun kénéh sok ngalabring ka imah kokolot lembur, rék ménta dipangmarancahankeun cai. Ké balik solat id disampeur deui.



Sumber: www.datasunda.com

Dina prak-prakanana, nu rék nadran naragog deukeut kuburan. Gereyem babacaan, tawasul, fatéhah, ngaji yasin, sarta sok tuluy dipungkas ku du'a. Réngsé ngadu'a, wur-wur rampé jeung kembang téh diawurkeun kana kuburan. Cur cai tina kendi. Geus kitu der 'ngawangkong' jeung kuburan. Maké jeung ngawanohkeun anak-incu sagala rupa. Mun aya kajadian nu patali jeung rajakaya titingal anu geus maot, sok dicaritakeun deuih. Kawas imah nu diruag, sawah anu digadékeun atawa dijual, atawa tanah anu geus dibagikeun ka anak-incu. Kitu deui, nu jadi kokolot nadran ilaharna sok nétélakeun ka anak-incu nu harita milu nadran, kuburan saha anu keur dijarahana téh, kumaha waktu keur hirupna, jeung sajabana.

Nadran téh geus jadi kabiasaan urang Sunda ti jaman bihari kénéh. Dina buku Roesdi jeung Misnem karangan A.C. Deenik jeung Rd. Djajadiredja, aya bagian anu nyaritakeun nadran. Dicaritakeun Si Rusdi jeung bapana arindit ka kuburan bari mawa rampé, kembang, jeung cai dina kendi. Wur kekembangan téh diawurkeun kana makam terus dikucuran ku cai tina kendi. Gereyem ngadu'a.

Dina kamus Sunda, nadran téh hartina ngembang, nyekar, jarak ka kuburan. Tapi di sawatara wewengkon mah nadran téh salah sahiji upacara adat basisir (di Cirebon jeung Subang). Méh sarua jeung "Ngarot" di Indramayu atawa "Badirian" di Majalengka. Dina mitologi urang Sunda baheula, nadran téh ngadu'a bari nyérénkeun sasajén, hasil

tatanén, atawa sato beunang meuncit ka “karuhun”. Biasana éta upacara téh sok diémbohan ku pirang-pirang kasenian pikeun némbongkeun kagumbiraan nu milu upacara. Aya deui nu nétélakeun yén kecap nadran téh asalna tina nadra, nyaéta déwi anu nyangking roh manusa di alam kubur dina mitologi Hindu.

Datang ka kuburan, ngadu’a sarta tuluy ngawurkeun kembang, tangtuna gé moal aya kabiasaan kitu téh di wewengkon Arab mah nu jadi pamiangan nyebarna agama Islam. Tong boroning nadran, dalah kuburan oge apan tara maké tutunggul-tutunggul acan di Arab mah. Sabab ceuk katerangan ti Rosul ogé, nu geus maot mah putus sakabéh hubunganana jeung jalma anu hirup, iwal ti tilu perkara, nyaéta; amal jariah, élmu anu mangpaat, jeung anak nu soléh.

Ku kituna, lamun matalikeun nadran jeung jeung ajaran Islam, boa-boa kaasup bid’ah. Tapi kapan Islam mah bisa tumuwuh di pakarangan budaya anu rupa-rupa. Budaya nu geus jadi ciri sabumi cara sadésa. Ari anu kasebutna budaya, najan mimitina aya pakaitna jeung momentum kaagamaan, laun-laun bisa luntur. Kawas kabiasaan nakol bedug mapag lebaran upamana, apan ayeuna mah geus mimiti langka. Nadran gé nya kitu. Boa dina hiji mangsa mah bakal ngiles tina kabiasaan urang Sunda. Tapi ku ayana nadran téh bisa jadi hiji panggeuing kana hal nu remen kapopohokeun, yén sakur jalma téh bakal maot.

(Tina Cupumanik No. 4/Dadan Sutisna)

Latihan 4

1. Baca ieu wacana di handap!
2. Tulis sarta téangan hartina kecap-kecap anu nuduhkeun adat kabiasaan.
3. Pék tuliskeun kumaha pamanggih hidep kana eusi ieu wacana, sarta jieun tingkesanana!

Ngahirupkeun Deui Kaulinan Barudak

Dunya barudak raket pisan jeung kaulinan. Teu sirikna ti barang borojol kénéh, budak téh geus diwanohkeun jeung rupaning cocooan. Ngan orokaya réa kolot anu méré cocooanana téh bari jeung teu nyaho kana kagunaan atawa mangpaatna. Dapon budak resep, atawa ngudag kana prahna baé ilaharna mah. rék pangaji sabaraha-sabaraha baé ogé dibeuli. Nyaah ka budak alesnana mah. Usum tamiya, dipangmeulikeun tamiya. usum pépéstolan dipang-meulikeun pépéstolan. Usum rorobotan dipang-meulikeun rorobotan. Atuh budak gedé saeutik dipangmeulikeun PS (*play station*).



Sumber: <http://3bp.blogspot.com>

Teu di kampung teu di kota kituna téh. Réréana cocooan anu dibikeun ka budak téh jieunan pabrik. rék tina palastik rék tina beusi. Ngan anu puguh teu saeutik cocooan anu kawas kitu téh mawa watek goréng kana tumuwuhna budak, pangpangna patali jeung kagunaanana dina ngahudang daya motorik jeung kasaimbangan uteukna.

Kiwari mah geus langka aya budak anu ulin kolécér, panggag, bebedilan tina awi, gogolékan, empét-empétan, ker-keran, sanari, toléot, panggag, atawa jajangkungan. Padahal saméméh wawuh jeung kaulinan anu dijual di toko, budak téh asalna mah dalit jeung kaulinan lembur modél kitu.

Di Kampung Bolang, Désa Cibuluh, Kacamatan Tangjungsiang, Subang, aya komunitas anu ngamekarkeun kaulinan barudak. Ngaranna Komunitas Hong. Diadegkeun ku Mohamad Zaini Alif dina bulan Juli 2003.

Sumber: www.datasunda.com



Di Bandung ogé aya kantorna ieu komunitas téh, nyaéta di Jl. Bukit Pakar Utara No. 35. Minangka Pusat Kajian Mainan Rakyat Sunda, ieu komunitas téh leuwih cocog lamun disebut komunitas tempat ulin barudak. barudak dibéré kalaluasaan keur ulin, diajar nyieun cocooan, jsb.

Hong téh kecap nu ilahar dikedalkeun ku barudak nu keur ucing-ucingan. Dina waktu 12 taun, Zaini nalungtik rupa-rupa kaulinan barudak. Ti mimiti cocooan nepi ka kaulinan anu ngagunakeun alat. Aya 120 kaulinan cenah anu geus kapanggih téh. Jumlah sakitu téh kakara ti wewengkon Sunda pakidulan wungkul.

Kaulinan barudak sok disarebut ogé kaulinan rayat. Pangaruhna kana kamekaran budak gedé pisan. Salin ti keur hiburan, bisa ngasah rasa jeung kasaimbangan uteuk budak deuih. Éta kaulinan téh teu mikabutuh waragad anu gedé. Budak bisa nyieun ku sorangan. Bahana geus nyampak, kari daék ngamangpaatkeun barang-barang nu aya di lingkungan sabudeureun.

Sawatara kaulinan gédé mangpaatna keur ngalatih kasaimbangan. jajangkungan upamana, atawa kelom batok. Ari hatong, celempung, jeung kekeprak, lian ti bisa keur hiburan, alus deuih keur ngalatih rasa. Nu teu maké alat cara Sursér atawa Paciwit-ciwit lutuk, hadé pikeun nyaimbangkeun uteuk kénca jeung katuhu tur ngalatih rasa barudak. Kitu deui kakawihan-kakawihan nu ilahar sok ditembangkeun dina kaulinan, mun dititénan ngandung harti anu jero kawas Pacici-cici putri, Paciwit-ciwit lutung, atawa Pérépét jéngkol.

Tepi ka kiwari, Komunitas Hong téh anggotana 30 urang, ti mimiti budak kelas 1 SD tepi ka rumaja. Minangka salah sahiji kagiatanana, remen paméran, boh di Bandung boh di Jakarta. Saban paméran, Zaini minangka nu ngasuhna, sok ngerid barudakna nu 30 urang téa. Kitu deui sarupaning pakakas kaulinan sok diringkid ka tempat paméran.

Rupaning kaulinan téh dipamérkeun. Sok diayakeun works shop-na, cara-cara nyieun kaulinan jeung ngajual produk kaulinan.

Pikeun anggota Komunitas Hong, ku remen milu paméran téh loba hikmahna. Lian ti nambahan pangalaman, éta kagiatan téh bisa ngadatangkeun panghasilan deuih. Ceuk Tatang Hérmanto, salah saurang anggota Komunitas Hong, saban paméran réa nu datang sarta resepeun kana cocooan anu dipamérkeun. Maraéhna aya urang Sunda, Cina, atawa turis ti manca nagara. Maranéhna loba anu mareuli cocooan.

Hiji barang kaulinan téh hargana antara 15.000 – 25.000,-. Dina sapoé paméran téh cenah osok kajual antara 20 tepi ka 25 barang kaulinan. Aya kalana sok tepi ka béak teu nyésa. Hasil tina ngajual cocooan téh sok dibagikeun ka barudak.

Sanggeus nalungtik rupaning kaulinan barudak sarta nyieun komunitas, Zaini boga rencana hayang nyieun museum kaulinan barudak. Nu geus mimiti dipigawéna nyaéta road show, nguruling ka mall-mall jeung ka sakola-sakola. Nu kawilang penting dipikiran nyaéta ka mana ngamalirkeun éta kaulinan, naha ka TK-TK upamana.

Patali jeung mekarkeun usahana, kiwari Zaini keur tatahar nyieun pola industri kaulinan rayat di Subang. Kosépna basajan. Barudak arulin, geus kitu cocooanana ditampung ku Zaini, diropéa deui tuluy dijual. Duitna dibikeun ka maranéhna, naha keur nuluykeun sakola atawa keur mantuan kahirupan koltona. Produksina dijieun di imah séwang-séwangan. Masarkeunana bisa ka Mall atawa dijual sorangan ku barudak. Sagédéngéun éta, kiwari Zaini ogé keur naratas nyieun Kampung Kolécér di lemburna, di Subang. Puguh baé keur ngahontal éta cita-cita butuh pangrojong, utamana waragad. Tapi manéhna ngasa yakin yén dina hiji mangsa kahayangna bisa tinekanan.

(Tina Cupumanik No. 50/Ibnu Hajar Apandi)

D. Pancén

Pikeun nambahan kaweruh hidep kana adat kabiasaan atawa budaya urang Sunda, pék téangan tulisan anu ngaguar perkara éta. Hidep bisa maca tina majalah, koran, atawa internét. Baca heula éta tulisan tepi ka kaharti eusina, tuluy tuliskeun pamanggih hidep sarta pasrahkeun ka Ibu/Bapa Guru minangka laporan.



Sumber: Pikiran Rakyat

PANGAJARAN
3

PAKEMAN BASA

Urang Sunda mah ari nyarita téh aya kalana sok tara togmol ka nu dimaksud, tapi malibir malar henteu nerag karasana sarta anu diajak nyaritana surti. Malibirkeun omongan bisa ku rupa-rupa ungkara, upamana baé ku babasan, ku paribasa, atawa ku kekecapan séjén anu maksudna henteu nembrak. Dina pangajaran ayeuna hidep bakal diajar wikawanoh sawatara pakeman basa anu ilahar sok dipaké nyarita ku urang Sunda dina kahirupan sapopoé.

A. Maca Wacana

Baca sarta tengetan ieu wacana di handap!

Hayu Urang Nyarita ku Basa Sunda

Basa Sunda téh banda urang anu kudu dipiara dimumulé. Ari miarana di antarana nyaéta ku cara nyarita maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Ayeuna kasaksén ku urang, loba urang Sunda anu henteu nyarita ku basa Sunda, boh di imah boh di tempat campur gaul. Utamana di kota-kota anu kitu téh. Anu jadi alesanana, lingkungan kota kiwari geus jadi tempat pacampurna rupa-rupa sélér; Sunda, Jawa, Batak, Padang, jeung sajabana. Ku sabab kitu, tangtu baé basa anu digunakeun dina campur gaul sapopoé téh kudu ku basa Indonésia. Aya deui alesan anu séjénna, majar basa Sunda téh hésé ku sabab aya undak-usuk, ragam basa anu ngabéda-béda basa keur ka diri sorangan jeung keur ka batur. Sieun bisi salah ngalarapkeunana. Nu matak mending maké basa Indonésia. Alesan anu séjénna, majar basa Sunda téh tinggaleun jaman, asa kesan kampung, teu up date, jeung sajabana. Bisa jadi aya kénéh alesan anu séjénna, tapi umumna mah nu tilu perkara éta anu sok mindeng kadéngé ku urang. Tiluanana gé aya benerna. Tapi upama urang, urang Sunda, boga pamadegan kawas kitu, tinangtu nasib basa Sunda téh moal lila bakal leungit. Bakal moal aya nu maraké deui. Ceuk babasan mah jati kasilih ku junti téa. Banda urang anu poko, kasilih, kaganti ku naon-naon anu jol ti luar, nyaéta ku basa deungeun. Padahal apan ku sabab ayana basa Sunda pisan urang bisa nyebut ayana urang Sunda téh. Aya paribasa

nu nétélakeun, “basa téh cicirén bangsa, leungit basana ilang bangsana”. Tegesna moal aya deui sesebutan urang Sunda téh, upama basa Sundana geus ngaleungit, teu diparaké.

Sanajan kiwari urang Sunda beuki loba pacampur jeung sélér séjén, lain hartina urang kudu cul ninggalkeun basa Sunda. Sikep anu hadé mah tetep ajeg ngajénan jeung maké basa sorangan. Da kapan henteu saban waktu urang pagilinggisik sarta cacarita jeung urang Jawa atawa Batak. Di lingkungan kulawarga atawa ngomong jeung tatangga mah nya tangtu ku basa Sunda, anu bakal karasa leuwih ‘deukeut layeutna’ tibatan ku basa séjén. Ari pasualan undak-usuk, saenyana siga-siga jadi alesan pikeun maranéhna anu horéam nyarita ku basa Sunda. Pangna kitu sabab saenyana henteu sabaraha loba kecap-kecap basa lemes anu sok dipaké sapopoé tur kudu merenah undak-usukna téh. Geura urang tataan contona, upamana: bantuan-candak, mios-angkat, neda-tuang, wangsul-mulih, dongkap-sumping, kakuping-kadangu, sanggem-saur, calik-linggih, jsb. Papasangan kecap lemes kawas kitu téh upama diitung, paling ukur 20 atawa 30 kecap, anu mindeng sok dipaké sapopoé. Jadi saenyana lebah mana héséna undak-usuk téh? Naha ku kecap-kecap lemes anu teu sabaraha jumlahna, urang bet jadi sieun salah henteu hayang bisa? Bandingkeun upamana jeung kecap basa Inggris anu kudu kacangkem upama urang hayang bisa nyarita ku basa Inggris.

Upama aya anggapan yén basa Sunda henteu gaul, henteu *up date*, ieu gé anggapan anu salah. Kiwari malah mindeng kadéngé yén kecap-kecap basa Sunda beuki loba diparaké di lingkungan nasional, boh lisan upamana baé ku penyiar TV atawa radio, boh ku wartawan dina koran atawa majalah. Contona kecap-kecap saperti; bobotoh, ngabuburit, kudu, keukeuh, jsb., kiwari geus mindeng dipaké. Ieu hiji bukti yén basa Sunda ogé bisa makalangan, malah sok karasa leuwih kerén, tibatan basa Indonésia.

Salian ti soal kecap, dina basa Sunda ogé aya ajén-inajén tatakrama. Aya ungkara-ungkara paribasa anu némbongkeun kumaha tatakrama urang Sunda, upamana baé; hadé tata hadé basa, hadé gogog hadé tagog, soméah hadé ka sémah, tutulung ka nu butuh tatalang ka nu susah, jsb. Naon ari tatakrama téh? Tatakrama asalna tina basa Sangsakerta; tata hartina aturan atawa palanggaran; krama hartina hormat. Jadi tatakrama

téh aturan dina ngahormat atawa aturan sopan santun anu disaluyuan ku warga masarakat, pikeun silihajénan jeung nu lian.

Unggal bangsa atawa suku bangsa ngabogaan tatakrama séwang-séwangan saluyu jeung tradisi sarta ajén moral anu dianutna. Urang Sunda tangtu waé boga tatakrama anu mandiri, anu jadi ciri urang Sunda. Ieu tatakrama téh ngawengku aturan dina angga-ungguh (gerak anggota badan) jeung aturan dina omongan atawa basa anu digunakeun.

Tatakrama anu patali jeung angga-ungguh upamana baé, cara sasalaman, cara diuk (awewé kudu émok, jsb), awak kudu rengkuh lamun nyarita jeung jalma anu dihormat, jsb.

Ari nu patali jeung omongan atawa prak-prakan ngagunakeun basa, urang Sunda boga aturan anu husus, nyaéta undak-usuk basa sakumaha anu tadi geus kasabit di luhur. Undak-usuk basa téh tahapan atawa panta-pantana basa, atawa luhur-handapna ajén basa anu dilarapkeun saluyu jeung jalma anu diajak nyarita. Dina basa Sunda aya nu disebut basa lemes, basa sedeng (loma), jeung basa kasar.

Diajar basa Sunda téh di antarana sangkan urang paham sarta bisa ngalarapkeun basa lemes dina omongan sapopoé. Basa lemes digunakeun upama urang nyarita jeung jalma anu saluhureun, boh umurna boh kalungguhanana, atawa ka jalma anu can pati loma jeung urang. Ari maksudna, ngagunakeun basa lemes téh pikeun ngajénan atawa ngahormat ka batur (jalma anu diajak nyarita ku urang). Dina prakna nyarita, urang kudu paham mana basa lemes anu digunakeun keur diri sorangan jeung mana anu keur ka batur.

Tina pedaran tadi, katémbong yén basa Sunda téh tetep hirup sarta masih diparake ku urang Sunda. Dina kamekaranana basa Sunda longgar bisa narima pangaruh tina basa séjén, upamana baé tina basa Jawa. Tapi ku pangaruh anu beuki nyosok ti luar, tina kaayan pajamanan, kiwari urang Sunda aya anu henteu maraké basana sorangan. Salaku urang Sunda anu nyaah tur héman kana basana, urang tangtu kudu teteg teu galideur. Hayu urang nyarita ku basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Ngan ku cara kitu basa Sunda bakal langgeng, bakal manjang ngigelan jaman.

Jawab ieu pananya di handap!

Sangkan hidep paham kana eusi wacana di luhur, pék jawab ieu pananya!

1. Kumaha cara ngamumulé basa Sunda téh?
2. Naon sababna ayeuna loba urang Sunda anu henteu nyarita ku basa Sunda?
3. Jéntrékeun naon nu disebut undak-usuk basa téh?
4. Ceuk pamanggih hidep naha enya basa Sunda téh tinggaleun jaman? Naon alesanana?
5. Cing pék sebutkeun paribasa anu aya pakaitna jeung tatatkrama urang Sunda!
6. Naon cenah ari tatakrama téh?
7. Naon sababna urang kudu maké tatakrama dina campur gaul jeung batur?
8. Lamun nyarita maké basa lemes, urang kudu bisa ngabédakeun basa lemes keur ka diri sorangan jeung keur ka batur. Ngarah naon?

B. Niténan Pakeman Basa

Dina wacana anu tadi, urang manggihan sawatara babasan jeung paribasa, nyaéta: *jati kasilih ku junti, hadé tata hadé basa, hadé gogog hadé tagog, soméah hadé ka sémah*, jeung *tutulung ka nu butuh tatalang ka nu susah*. Ieu babasan jeung paribasa téh kagolongkeun kana pakeman basa, nyaéta ungkara anu kekecapan jeung hartina geus matok turta teu bisa dirobah deui. Pakeman basa sok disebut ogé *idiom*, tina basa Yunani *idios*, hartina sorangan, mandiri, husus, atawa has. Harti anu kapanggih dina pakeman basa atawa idiom disebut harti idiomatik.

Naon bédana babasan jeung paribasa? Babasan mah ungkarana parondok, mangrupa kecap kantétan, hartina umumna ngagambarkeun kaayaan atawa pasipatan jalma, upamana baé: *peujit koréseun*, *beuteung anjingeun*, jsb. Ari paribasa mah ungkarana paranjang mangrupa kalimah sarta ngandung harti anu leuwih jero, mangrupa pépéling, atawa palasipah hirup, upamana baé: *ngajul bulan ku asiwung mesék kalapa ku jara*, *cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok*, jeung sajabana.

Dina omongan sapopoé éta babasan jeung paribasa téh osok dipaké, naha pikeun mamanis basa atawa pikeun ngantebekeun maksud anu nyarita. Geura titénan ku hidep ieu conto-conto kalimah di handap anu ngagunakeun babasan jeung paribasa.

Kalimah anu ngagunakeun babasan:

1. Ulah atah anjang atuh ari ka dulur téh, Lis, bisi matak teu wawuh!
2. Leuh kayungyun ku Galih mah, hampang birit, tara ngaengkékeun ari dititah téh.
3. Kahadé ulah kéné-kéné boga préstasi tuluy gedé hulu, ké batur teu resepeun.
4. Ieuh, jadi jalma mah kudu bodo aléwoh, daék tatanya ka batur ari teu bisa téh.
5. Mang Oik mah héjo tihang, pipindahan baé bangun teu betah lila di hiji tempat.

Kalimah anu ngagunakeun paribasa:

1. Ulah awuntah ari boga rejeki téh, kudu bisa ngeureut neundeun, ngarah aya simpenan keur poé isukan.
2. Sing getol baé diajarna, Ujang, geuning paribasa gé lamun keyeng tangtu pareng. Ku soso-soso mah bakal kahontal nu dipimaksud.
3. Ulah sapihak ari nyieun kaputusan téh, kudu leuleus jeujeur liat tali, bisa ngayunkeun kahayang nu lian.
4. Adéan ku kuda beureum Dikdik mah, pakéan kerén tapi meunang nginjeum ti batur.
5. Urang Cibodas mah akur sauyunan, ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak, babarengan silih rojong dina migawé naon-naon ogé.

Sangkan hidep leuwih wanoh kana babasan jeung paribasa, ieu di handap ditémbongkeun conto-conto anu séjéna katut hartina. Pék baca sarta titénan!

Babasan

- | | |
|-------------------------------|---|
| 1. Amis budi | = hadé budi, teu weléh seuri ka batur. |
| 2. Amis daging | = babari borok |
| 3. Ayem tengtrem | = senang haté, teu boga kasieun/kahariwang |
| 4. Babalik pikir | = sadar tina kasalahan |
| 5. Béak déngkak | = geus ihtiar rupa-rupa tapi teu hasil |
| 5. Béngkok tikoro | = teu kabagéan dahareun lantaran elat datang |
| 7. Beurat birit | = kedul, hésé dititah |
| 8. Buntut kasiran | = pedit, korét |
| 9. Cueut ka hareup | = geus kolot |
| 10. Dogdog pangréwong | = saukur (omongan) panambah |
| 11. Élmü ajug | = mapatahan batur bari sorangan teu bener |
| 12. Épés méér | = babari ceurik, babari peunggas harepan |
| 13. Gantung déngé | = teu anggeus anu didéngékeun |
| 14. Gantung teureuyeun | = henteu cacap barang dahar, lantaran kadaharanana kurang |
| 15. Getas harupateun | = babari nuduh/ngahukum |
| 16. Gurat batu | = mawa karep sorangan |
| 17. Hampang leungeun | = babari neunggeul |
| 18. Handap lanyap | = ngomongna hadé padahal maksudna ngahina |
| 19. Haréwos bojong | = ngaharéwos tapi kadéngé ku batur |
| 20. Haripeut ku teuteureuyeun | = babari kapincut ku pangbibita |
| 21. Hawara biwir | = bébéja ka batur saméméh dipigawé |
| 22. Heuras genggerong | = ngomongna kasar |
| 23. Heureut pakeun | = saeutik pangaboga |
| 24. Indit sirib | = indit sakulawarga |
| 25. Kawas gaang katincak | = jempé, teu ngomong |

Paribasa

1. Adat kakurung ku iga = *adat atawa kalakuan goréng sok hésé dirobahna.*
2. Agul ku payung butut = *agul ku turunan atawa kulawarga sorangan.*
3. Asa mobok manggih gorowong = *boga kahayang ari pék aya nu nyumponan atawa aya nu méré jalan bari teu disangka-sangka.*
4. Aya cukang komo meuntas = *aya jalan tepi ka laksana anu dipikahayang.*
5. Banda tatalang raga = *harta téh pikeun nulungan raga (awak).*
6. Batok bulu eusi madu = *katénjo luarna (awakna) siga nu goréng padahal jerona (haténa) alus.*
7. Bengkung bekas nyalahan = *robah tingkah laku, keur budak alus ari geus kolot goréng.*
8. Bentik curuk balas nunjuk = *resep nitah ka batur.*
9. Buruk-buruk papan jati = *najan gedé dosana ari dulur mah sok hayang nulungan.*
10. Caina hérang laukna beunang = *ngaréngsékeun perkara ku cara anu hadé teu matak tugenah.*
11. Cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok = *lamun tuluy dipigawé tangtu bakal karasa hasilna.*
12. Klik putih clak hérang, caang bulan opat belas = *beresih haté, ikhlas, teu aya rasa keuheul atawa tugenah.*
13. Cul dogdog tinggal igel = *ninggalkeun pagawéan anu baku.*
14. Gindi pikir belang bayah = *goréng sangka atawa goréng haté ka batur.*
15. Goong nabeuh manéh = *ngagulkeun diri sorangan.*
16. Hadé gogog hadé tagog = *hadé omongan jeung tingkah laku.*
17. Hadé tata hadé basa = *hadé tingkah laku jeung hadé omongan.*
18. Halodo sataun lantis ku hujan sapoé = *kahadéan anu loba leungit ku kagoréngan anu saeutik.*
19. Indung tunggul rahayu bapa tangkal darajat . = *indung jeung bapa téh sumber kasenangan.*
20. Jati kasilih ku junti = *anu hadé kasilih ku nu goréng.*
21. Kaciwit kulit kabawa daging = *kababawa ku batur anu nyieun kasalahan*
22. Kalapa bijil ti cungap = *rusiah dicaritakeun ku nu ngalakukeunana. tapi mahi, aya hasilna.*

23. Landung kandungan laér aisan = *jembar pikiran atawa wijaksana dina nyanghareupan pasualan.*
24. Lauk buruk milu mijah = *pipilueun kana hiji kalakuan ku lantaran kabawakeun ku batur.*
25. Lodong kosong sok ngelentrung = *jalma anu loba omong élmuna saeutik.*

C. Ngalarapkeun Babasan Jeung Paribasa

Latihan 1

Cing pék téangan hartina ku hidep ieu babasan di handap ku cara milih jawaban anu disadiakeun!

Babasan:

1. Kawas bueuk beunang mabuk
2. Kawas anjing tutung buntut
3. Kembang buruan
4. Kokolot begog
5. Kurung batok
6. Laér gado
7. Lésang kuras
8. Leuleus awak
9. Leutik burih
10. Lungguh tutut
11. Miyuni kembang
12. Murag bulu bitis
13. Ngabuntut bangkong
14. Ngégél curuk
15. Ngéplék jawér
16. Nyoo gado
17. Panjang léngkah
18. Pindah pileumpangan
19. Saur manuk
20. Tuturut munding

Hartina:

1. Loba nu mikaresep (sok dilarapkeun ka awéwé).
2. Katénjona lungguh/cicingeun padahal saenyana henteu.
3. Jempé/ngaheruk teu ngomong.
4. Nurutan batur bari teu nyaho maksudna.
5. Teu meunang hasil.
6. Budak keur meujeuhna resep ulin di buruan.
7. Ngunghak, ngalunjak.
8. Kurang kawani, sieunan, borangan.
9. Robah kalakuan.
10. Geus teu boga nanaon.
11. Niron-niron omongan atawa kalakuan kolot .
12. Teu puguh tungtungna, teu tepi ka réngsé.
13. Teu boga kawani, sieunan, éléhan.
14. Resep baranggawé, rapékan/daékan.
15. Ngomong rampak/bareng.
16. Resep indit-inditan.
17. Loba pangalaman.
18. Teu daék cicing.
19. Tara liar ti imah, tepi ka teu nyaho nanaon.
20. Resep barangpénta.

Latihan 2

Ceuk hidep babasan mana anu merenah dilarapkeun kana ieu kalimah-kalimah di handap!

1. Cing saurang-saurang atuh nyaritana, ulah ... kitu!
2. Ulah dipeuncit kabéhanana hayam téh, pamali matak ... teu boga naon-naon.
3. Néng Syifa mah, nu nénjo teu weléh resep.
4. Batur-batur mareunang duit ari manéhna teu kabagéan sapérak-pérak acan.
5. Urang Sunda gé ayeuna mah, teu idek-liher di lembur baé, tapi laliar ka manca nagara.

6. Ih,ku naon ari Dadan, ti tatadi bet teu daék cicing?
7. Basa dicarékan barudak téh jarempling baé....
8. Pantès rék loba kanyaho ogé, da manéhna mah.... loba pangalaman.
9. Kudu puguh aya hasilna ari babadamian téh, ulah tepi ka
10. Si éta mah....da, sok resep barang pénta ka batur.

Latihan 3

Ayeuna pasangkeun ieu paribasa jeung hartina ku cara milih jawaban anu disadiakeun!

Paribasa

1. Marebutkeun paisan kosong
2. Mindingan beungeut ku saweuy
3. Mipit kudu amit ngala kudu ménta
4. Moro julang ngaleupaskeun peusing
5. Mun teu ngakal moal ngakeul
6. Nété tarajé nincak hambalan
7. Neukteuk curuk dina pingping
8. Nu asih dipulang sengit
9. Ngadék sacekna nilas saplasna
10. Ngajul bulan ku asiwung mesék kalapa ku jara
11. Ngaliarkeun taleus ateul
12. Ngawur kasintu nyieuhkeun hayam
13. Ngindung ka waktu ngabapa ka jaman
14. Ngukur ka kujur nimbang ka badan
15. Nyieun pucuk ti girang
16. Pacikrak ngalawan merak
17. Pagiri-giri calik pagirang-girang tampian
18. Piit ngeundeuk-ngeundeuk pasir
19. Pupulur méméh mantun
20. Silih jenggut jeung nu dugul

Hartina

1. Pagawéan anu geus puguh ditinggalkeun ari nu can puguh diudag-udag.
2. Ngukur kana kamampuh atawa kaayaan diri sorangan.
3. Barangdahar saméméh digawé.
4. Ménta tulung ka jalma anu sarua keur ripuh.
5. Nyilakakeun dulur sorangan.
6. Sahinasna boh ucap boh paripolah, henteu bohong atawa ngaleuleuwihkeun
7. Masinikeun pasualan anu teu aya hartina.
8. Boga kahayang anu pamohalan kasorang.
9. Lamun teu digawé moal barangdahar.
10. Migawé satahap-satahap, henteu rusuh hayang anggeus sakaligus.
11. Ngabéja-béja/nyebarkeun kagoréngan batur.
12. Batur dipikanyaah ari dulur sorangan diantep.
13. Paluhur-luhur jeung batur, henteu hayang akur sauyunan.
14. Nu leutik/miskin ngalawan nu gedé/beunghar.
15. Nyaluyukeun manéh jeung kaayaan jaman.
16. Lamun rék barangcokot/barangala kudu bébéja heula ka nu bogana.
17. Ngéwa ka hiji jelema, tapi api-api resep.
18. Nyieun kasalahan tiheula.
19. Pagawéan hadé dibalés ku kagoréngan.
20. Migawé pagawéan anu moal kahontal atawa teu asup akal.

Latihan 4

Ayeuna cing larapkeun, paribasa mana anu merenah pikeun ngalengkepan kalimah-kalimah di handap!

1. Batur mah sok teu weléh ditulungan ku Kang Uja téh, ari dulurna boga kabutuh sok haré-haré, nu kitu téh.

2. Manéhna nu mimiti nyieun kasalahan téh, nu...., tapi naha ayeuna bet malik nuduh ka kuring?
3. Urang kudu kudu bisa nuturkeun kaayaan jeung kamajuan jaman.
4. Ulah sok resep...., ngucah-ngacéh kagoréngan batur.
5. Ih, kumaha ieu téh bet...., can digawé tapi geus meunang buruh.
6. Sing sabar ari baranggawé téh, kudu.... ulah hayang gancang anggeus bari hasilna teu hadé.
7. Sing daék usaha atuh ari hayang boga panghasilan mah, apan ceuk paribasa gé....
8. nu kitu téh kasebutna. Kolotna nu ngurus ti bubudak, ayeuna bet dipingéwa ku manéhna.
9. Ulah luhur teuing boga kahayang téh, urang kudu...., nyaluyukeun jeung kamampuh sorangan.
10. Euh, sok tara bébéja Lina mah ari barang injeum téh, apan ceuk paribasa gé....

D. Niténan Babasan jeung Paribasa dina Wacana

Babasan jeung paribasa téh di antarana sok digunakeun dina biantara. Ieu di handap aya conto téks biantara. Pék baca ku hidep sing imeut, sarta téangan babasan jeung paribasa nu aya dina ieu téks!

Assalamu'alaikum wr. wb.

Bapa kalih Ibu, hadirin palawargi hormateun sim kuring!

Langkung ti payun ngahaturkeun réwu nuhun ka panata acara anu parantos maparin waktos ka sim kuring kanggo cumarios dina ieu pasamoan.

Hatur séwu nuhun utamina kasanggakeun ka pangersa Bapa Sastra Wiguna sakulawargi anu parantos ngangken kalayan nampi ka sim kuring sinareng rombongan, ku panampian anu kalintang nyugemakeunana. Abot nyuhun abot nanggung abot narimakeunana. Teu aya anu tiasa dipisanggem iwal ti seja menekung ka Nu Maha Agung, ngamugi-mugi ka Gusti Nu Maha Suci, pamugi rupining kasaéan Bapa Sastra Wiguna sakulawargi sing janten amal soléh anu dipirido ku Alloh SWT. Amin.

Bapa miwah Ibu, hadirin palawargi hormateun sim kuring, sakumaha anu kauninga ku urang sadaya, wiréhna pun anak Cép Tata dongkapna ka dieu diuwuh ku parasepuh, diiring ku wargi-wargi, dijajap ku pirang-pirang pidu'a, kantenan sanés lantung tambuh laku sanés lentang tanpa béja. Nanging aya maksud kolbu nu dituju, aya maksud manah anu diseja. Wiréhna kapungkur sabadana pun anak, Cép Tata, patepang anu munggaran sareng Néng Titi, rupina ngaraos kapetik ati kapentang asmara cinta. Bubuhan Néng Titi apan sakitu sieupna. Saur juru pantun mah geulisna bawa ngajadi endahna bawa ti kudrat. Dedeg sampé rupa hadé. Gadona endog sapotong, beungeutna ngadaun seureuh, irungna kuwungkuwungan, tarangna teja mentrangan. Diteuteup ti hareup sieup disawang ti tukang lenjang. Pantès saupami Cép Tata teras kagémbang kapéngpéongan. Atuh kaleresan bet batu turun keusik naék, itu purun ieu daék, dugi ka pasini jangji hoyong cacap jatukrami.

Dina dangeu ieu, Cép Tata téh rupina seja maheutkeun jangji pasinina, gaduh maksud hoyong mungkas alam lalagasan, ngancik di alam rimbitan, teteg jejem rék muru ka balé nyungcung, manawi aya rido ti Gusti Nu Maha Agung.

Dina ieu kasempetan, kalayan kasakséni ku wargi-wargi, ogé diuwuh ku para sepuh, sim kuring seja

nyanggakeun pun anak, Cép Tata, ka ramana Ném Titi, pangersana Bapa Sastra Wiguna geusan ditikahkeun dina danget ieu.

Atuh ka Bapa Sastra Wiguna sarimbit, hususna ka Ném Titi, ti danget ieu Bapa sareng Ibu salaku sepuhna nyanggakeun Cép Tata, ti luhur sausap rambut ti handap sahibas dampal, ti tengah tina pangkonan. Nyanggakeun rambutna salambar, getihna satétés, ambekanana sadami. Nyanggakeun ti luhur sausap rambut ti handap sahibas dampal.

Sabada diwalimahan, mugi-mugi hidep duaan sing tiasa ngawangun rumah tangga nu ngarunggunuk kawas dukuh, ngarandakah kawas manjah, ngaréndékéh kawas séréh. Sing ayem tengtrem kutaraharja. Runtut raut sauyunan, sareundeuk saigel sabata sarimbagan sabobot sapihanéan. Ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak. Ka cai sing getol mandi, ka darat sing getol solat. Sing tiasa silih simbeuh ku kadeudeuh, silih kojayan ku kanyaah, titih rintih mupusti rasa kaasih, tebih tina hiri dengki anggang tina pacéngkadan. Sing jauh tina salingkuh, guyub akur sauyunan, ngawangun rumah tangga nu sakinah mawadah wa rohmah.

Bapa miwah Ibu, hadirin palawargi hormateun sim kuring, rupi-na pisanggem sim kuring urang cekapkeun sakitu waé. Mugi agung cukup lumur, jembar hapuntena anu diteda, bilih langkung saur bahé carék. Bobo sapanon carang sapakan. Bilih aya budi anu kajingjing ti tepis wiring, basa anu kacandak ti padésaan. Bilih aya nu kabadug kalbu kagedag manah, kabentur tuur kabéntar taar, kababuk punduk kapangkék kélék, kaciwit imbit katajong tonggong sareng bobokong. Hapuntena anu kasuhun.



Sumber: dokumen pribadi

Pamungkas pisanggem, hatur séwu nuhun kana samukawis perhatosanana.

Wabillahi taufik wal hidayah. Wassalamu'alaikum wr. wb.



Sumber: <http://:3bp.blogspot.com>

PANGAJARAN
4

NULIS LAPORAN KAGIATAN

Sabada ngayakeun hiji kagiatan, urang kudu bisa nuliskeun laporan tina éta kagiatan. Wanda tulisanana ngaharib-harib karya ilmiah, resmi, henteu kawas nulis karangan fiksi. Naon-naon anu kasaksén dina hiji kagiatan kudu dituliskeun kalawan jéntré. Ari maksudna, ngarah hiji kagiatan téh bisa jadi catetan atawa dokuméntasi sarta bisa kabaca ku nu lian. Ku sabab kitu merenah pisan upama dina pangajaran basa Sunda, urang diajar nulis laporan tina hiji kagiatan.

A. Maca Laporan Kagiatan

Baca ieu conto laporan kagiatan di handap!

Laporan Kagiatan

Wisata Budaya ka Kampung Mahmud



Sumber: dokumen pribadi

1. Kasang Tukang

Ku pangaruh modérenisasi jeung kamajuan jaman, kiwari beuki loba budaya urang anu kalindih ku budaya deungeun. Para rumaja loba anu henteu apal kana adat kabiasaan urang Sunda anu ngandung ajén-ajén atikan nu luhung. Éta sababna kudu aya kagiatan anu bisa ngawanohkeun para rumaja atawa para siswa di sakola kana budaya Sunda nu aya di tatar Sunda. Dumasar kana kasang tukang pamikiran éta, SMP Sunda Mekar ngayakeun kagiatan Wisata Budaya ka Kampung Mahmud.

2. Tujuan

Ieu wisata budaya diayakeun kalawan tujuan: 1) sangkan para siswa wanoh kana adat kabiasaan di Kampung Mamud, 2) sangkan para siswa bisa ngajénan kana budaya nu hirup di éta wewengkon, 3) sangkan para siswa boga tekad jeung sumanget pikeun miara banda budaya titinggal karuhun.

3. Waktu jeung Tempat Tujuan

Wisata budaya lumangsung dina tanggal 15 Novémber 2013, kalawan tujuan Kampung Mahmud di Désa Mekarrahayu, Kacamatan Margaasih, Kabupatén Bandung.

4. Pamilon

Jumlah pamilon 255 urang (250 urang siswa jeung 5 urang guru pangaping).

5. Waragad

Waragad ieu kagiatan téh tina iuran para siswa anu gedéna Rp 50.000/urang jeung dana batuan ti sakola. Éta waragad téh digunakeun pikeun transportasi (ongkos beus), mayar karcis di lokasi, jeung konsumsi di perjalanan.

5. Kegiatan

Di Kampung Mahmud para siswa ningalian kaayaan lembur, niténan wangunan imah panggung sarta nanyakeun adat kabiasaan urang dinya ku cara ngawawancara sababaraha tokoh masarakat. Para siswa ogé jarak ka makam Eyang Abdul Manaf, anu mimiti ngadegkeun Kampung Mahmud.

Hasil tina niténan kaayaan di Kampung Mahmud, bisa dicindekkeun sawatara perkara ieu di handap:

- a. Kampung Mahmud téh perenahna di Désa Mekar rahayu, Kacamatan Margaasih, Kabupatén Bandung. Kaasup kampung anu masih kénéh tuteuh nyekel adat-istiadat titinggal karuhun. Dina kahirupan sapopoé aya pantrangan anu teu meunang dirempak ku masarakat di éta wewengkon.

- b. Nurutkeun sajarahna, Kampung Mahmud téh diadegkeun ku Éyang Abdul Manaf. Dina jaman Walanda anjeunna ngamukim di Mekah. Saméméh mulang ka lemahcai, kungsi ngadu'a sarta munajat ka Alloh di kubah Mahmud nu aya di wewengkon Masjidil Harom. Anjeunna ménta pituduh di mana tempat pamulangan anu bakal moal katincak ku Walanda. Nya meunang ilapat, yén tempat anu kudu dijugjug téh nyaéta wewengkon ranca. Éta sababna Éyang Abdul Manaf tuluy ngajugjug ka tanah ranca nu aya di deukeut walungan Citarum, di pasisian Bandung. Kitu sasakalana naon sababna ieu lembur dingaranan Kampung Mahmud.
- c. Di Kampung Mahmud loba kénéh wangunan imah panggung. Sawaréhna deui imah gedong. Baheula mah imah téh kabéh ogé panggung cenah, sabab kitu wasiat ti Éyang Abdul Manaf, teu meunang nyieun imah permanén ku témbok. Di hiji tempat aya makam tempat pangjarahan. Dina gapurana aya tulisan "Makom Mahmud". Anu dikuburkeun di dinya téh Éyang Abdul Manaf jeung karuhun Kampung Mahmud séjénna. Ieu makam sok haneuteun baé ku anu ngadon jarak ti mana-mana, boh ti Bandung boh ti daérah séjén.
- d. Aya sababaraha pantrangan di Kampung Mahmud téh, nyaéta:
- 1) Teu meunang nyieun imah tina bahan témbok (permanén).
 - 2) Teu meunang nyieun imah ngagunakeun kaca.
 - 3) Teu meunang nabeuh goong.
 - 4) Teu meunang nyieun sumur.
 - 5) Teu meunang ngingu soang.

Éta pantrangan-pantrangan téh aya pakaitna jeung gentingna kaayaan dina jaman Walanda harita. Ku sabab Éyang Abdul Manaf hayang ulah kanyahoan ku penjajah, nya lingkungan lembur ogé kudu simpé. Ulah aya sora goong atawa soang, sabab bakal babari kapanggihna ku Walanda. Kitu deui imah ogé ulah maké kaca ngarah nu ngeusina teu katénjo saha-sahana. Ayeuna mah éta pantrangan téh geus loba anu dirempak. Ari sababna éta pantrangan téh geus teu saluyu jeung kaayaan jaman.

6. Panutup

Sanggeus nengetan kahirupan urang Kampung Mahmud, tétéla yén urang kudu miara sarta ngajénan kana tradisi titinggal karuhun. Éta tradisi téh naha anu mangrupa wangunan upamana baé imah, paparabotan jeung sajabana, atawa anu mangrupa adat kabiasaan hirup sapopoé. Horéng henteu sakabéh pantrangan karuhun teu bisa dirempak. Di Kampung Mahmud, éta pantrangan téh disurahan deui sarta diluyukeun jeung kaayaan jaman kiwari. Ku niténan adat kabiasaan urang Sunda sakumaha anu katingal di Kampung Mahmud, muga-muga baé sing jadi pelajaran keur para rumaja atawa para siswa, yén urang kudu ngahargaan kana banda budaya titinggal karuhun.

Jawab ieu pananya!

Sangkan hidep leuwih paham kana eusi laporan kagiatan di luhur, pék jawab ieu pananya di handap!

1. Di mana perenahna Kampung Mahmud téh?
2. Saha anu mimiti ngadegkeun éta kampung?
3. Kumaha riwayatna tepi ka éta kampung dingaranan Kampung Mahmud?
4. Kumaha kaayaan wangunan di Kampung Mahmud?
5. Naon baé pantrangan nu aya di Kampung Mahmud téh?
6. Kumaha patalina éta pantrangan jeung kaayaan jaman Walanda?
7. Naon sababna ayeuna loba anu dirempak?
8. Naon anu karasa ku hidep sanggeus maca éta laporan kagiatan?

B. Niténan Laporan Kagiatan

Dina conto tulisan laporan kagiatan di luhur ku urang katingal yén basa anu digunakeunana formal, sakumaha anu sok kapanggih dina tulisan karya ilmiah. Béda jeung basa anu digunakeun dina karangan fiksi, carpon, novel, jeung sajabana. Ditilik tina susunanana, laporan kagiatan ditulis dumasar kana rarangkay (outline) anu ilahar sok kapanggih dina proposal-proposal kagiatan. Poko-poko pasualan ditulis ngaruntuy mangrupa wincikan-

wincikan, ti mimiti kasang tukang, tujuan, waktu jeung tempat tujuan, pamilon, waragad, kagiatan, jeung panutup. Ieu susunan téh henteu baku, bisa disaluyukeun jeung kagiatan anu dipilampah. Minangka bagian anu poko nyaéta nuliskeun kagiatan, sakumaha anu kabaca ku urang bagian nomor 5, dina conto di luhur. Pasualan anu ditulis téh minangka data-data anu kapanggih atawa pangalaman anu kasorang, sabada urang miluan dina hiji kagiatan.

C. Nulis Laporan Kagiatan

Kagiatan:

1. Ieu di handap aya dua conto tulisan anu masing-masing nyaritakeun kagiatan nu diayakeun di sakola. Pék basa sing imeut.
2. Pék robah ku hidep jadi wangun laporan kagiatan, sakumaha conto anu tadi di luhur!

Conto 1

Karyawisata ka Museum

Minggu kamari para siswa kelas IX ngayakeun kagiatan karyawisata ka Museum Sri Baduga, Bandung. Ieu karyawisata téh dilaksanakeun dina poé Senén, tanggal 9 Désémber 2013, minangka agénda kagiatan mata pelajaran IPS saban taun anu wajib diiluan ku sakumna siswa.

Para siswa anu milu téh jumlahna aya 350 urang. Inditna kana beus anu diséwa ku panitia. Aya tujuh beus sakabéhna. Saban beus dieusian ku 50 urang siswa jeung saurang guru pangaping. Siswa anu milu karyawisata téh saméméhna dibéré pancén ku guru IPS, sangkan

nulis laporan, nyaritakeun naon baé anu katénjo atawa kabaca, sarta aya patalina jeung mata pelajaran IPS. Para siswa kudu migawé éta pancén babarengan jeung batur sakelompokna, sarta dibéré kalonggaran bisa milih naon baé anu rék dijieun laporan. Aya anu rék niténan pakarang titinggal sajarah, pakakas dina tatanén, pakéan adat, tokoh-tokoh perjoangan. Aya ogé anu rék niténan manusa purba jeung wilayah-wilayah géografi.

Jam tujuh isuk-isuk rombongan para siswa geus miang ti buruan sakola. Untung di jalan henteu macét. Kira-kira dua jam, geus nepi ka tempat anu dijugjug, nyaéta Museum Sri Baduga, nu perenahna di Tegallega. Para siswa tuluy tarurun tina beus séwang-séwangan. Kumpul heula pikeun narima pangarahan ti Bapa/Ibu Guru pangaping. Geus kitu tuluy marisah, masing-masing kelompok, sarta arasup ka gedong museum kalawan tartib.

Kuring jeung babaturan sakelompok kabagéan pancén kudu niténan manusa purba nu kungsi matuh di Guha Pawon. Di Museum Sribaduga, ayana di rohangan bagian jero ieu manusa purba téh. Aya conto guhana, ngagorowong. Cenah ditiron tina Guha Pawon nu aslina, nu aya di wewengkon Cipatat, Padalarang. Aya deuih wujud manusa purbana, dijieun tina batu. Keur dariuk duaan. Mani siga katénjona, siga manusa purba enyaan. Aya deui pakakas tina batu, nu kawasna sok digunakeun ku maranéhna di jaman purba.

Ceuk katerangan ti patugas museum jeung catetan sajarah singget nu aya dina katalog, dina taun 2003 di Guha Pawon kapanggih rébuan tulang-taléng manusa purba jeung sesemplékan batu urut pakakas. Éta tulang-taléng téh kapanggih sanggeus Tim Arkéologi Bandung ngayakeun panalungtikan sarta ngali taneuh di Guha Pawon. Éta tulang-taléng téh jumlahna aya 20.250 jeung sesemplékan batu aya 4.050 siki, anu umurna dikira-kira

geus 10.000 taun. Éta papanggihan téh cenah nguatkeun anggapan, yén di Guha Pawon kungsi hirup manusa jeung kabudayaanana dina jaman purba. Aya nu boga pamanggih yén éta manusa purba téh cenah minangka kuruhun urang Sunda. Maranéhna geus ngagunakeun pakakas tina batu jeung taneuh pikeun nyumponan kabutuh hirupna sapopoé.

Sanggeus meunang katerangan ti patugas jeung maca kateranganana, kuring jeung batur sakelompok tuluy ngaharuleng, bari malencrong dua wujud manusa purba nu aya di éta guha jjieunan. Kiwari sanggeus pukuhan rébu taun ti alam harita, manusa Sunda kaasup kuring sabatur-batur geus pohara majuna. henteu maké deui pakaks tina batu atawa taneuh. Tapi malah geus bisa ngagunakeun alat-alat hasil téknologi, kawas hapé, komputer, atawa internét. Ku niténan sajarah manusa purba, karasa ku kuring saparakanca, kahirupan mnausa téh horéng terus maju ti jaman ka jaman.

Conto 2

Pinton Seni Kréasi

Pikeun némbongkeun karancangéan para siswa dina widang kasenian, dina poé Saptu kamari tanggal 6 Oktober 2013, OSIS ngayakeun “Pinton Seni Kréasi” di sakola. Ieu kagiatan anu lumangsung sapoé jeput téh dirojong ku guru-guru jeung sakumna siswa. Saban kelas mintonkeun kasenian anu béda-béda tur matak resep ngalalajoanana. Panitia meredih ka saban kelas, kasenian anu dipagelarkeun téh kudu mangrupa seni kréasi. Maksudna sangkan para siswa rancagé atawa kréatif, sarta henteu matak bosen anu ngalalajoanana.

Atuh dina derna acara, katénjo rupa-rupa pintonan kasenian anu anéh sarta matak resep. Aya anu magelarkeun kasenian karinding dipirig ku gitar elektrik jeung drum.

Aya nu jaipongan tapi gerakna dicampuran ku tari ballet. Aya nu mintonkeun kaulinan barudak, tapi pakéanana sawaréh marake baju robot. Aya ogé anu mintonkeun band genjring, réog galon anu dogdogna ngagunakeun galon aqua, jeung musik botol-kaléng.

Bapa Kapala Sakola dina biantarana nyaurkeun yén acara “Pinton Seni Kréasi” téh pikeun ngahudang karancangéan para siswa dina widang seni. Pagelaran anu kréatif, anu némbongkeun pangaruh anyar tapi tetep henteu leupas tina seni tradisi. Kitu saur bapa Kapala Sakola.

Henteu sakabéh kelas anu minton téh, sabab ceuk panitia bisi henteu nyukupan waktuna. Lamun sakabéh kelas kudu minton, hartina bakal aya 30 pagelaran, da jumlah kelas téh kabéhna aya 30, masing-masing 10 kelas ti kelas VII tepi ka kelas IX. Ku sabab kitu, kaseian anu dipagelarkeun minangka wawakil kelas anu pangalusna. Masing-masing 5 pintonan ti saban tingkatan kelas.

Para siswa pohara resepeunana jeung sarumanget pisan lalajo ieu acara téh. Atuda ukur sataun sakali diayakeunana ogé. Saban pintonan teu weléh meunang panggbaéa, sarurak mani ngaguruh. Komo basa aya pintonan Réog Galon ti kelas VIII mah, nu lalajo mani ager-ageran. Eukeur mah waditrana pikaseurieun, dogdog tina galon, katambah ku barudakna barisa ngabojeg. ORG cenah disebutna ku maranéhna mah, Opera Réog Galon. Kitu deui basa ti kelas IX aya nu mintonkeun Musik Botol Kaléng, nu lalajo mani surak awahing ku kayungyun ku barudak anu motékar. Botol téh dijarkeun dina méja di panggung. Aya dua jajar. Saban jajar diwangun ku 8 botol anu dieusi ku cai, nu béda-béda ukuranana. Basa ditakol, éta botol téh bisa nimbulkeun sora solmisasi dua oktav. Tina éta botol anu ditakolan nada-nada téh kadéngéna. Ari minangka alat perkusina nyaéta kaléng. Rupa-rupa kaléng urut. Basa breng ditabeuh, nada tina botol jeung

sora kaléng téh bet jadi wirahma nu genah kadéngéna. lalaguana tina lagu-lagu daérah jeung kakawihan. Nu ngahaleuangna bari ngéngklak gumbira.

Saréréa katénjo sugema, boh anu minton bohanu lalako. Kitu deui Bapa Ibu Guru jeung Kapala Sakola. Saréngséna pagelaran, sakumna kelompok anu minton téh dibéré piagem panghargaan ku Kapala Sakola, sarta hiji piagem keur pintonan nu dianggap pangalusna, nyaéta Musik Botol Kaléng.

D. Pancén

1. Pék hidep nyieun conto tulisan laporan kagiatan. Bahanna tina kagiatannaon baé anu kungsi diayakeun di sakola hidep.
2. Pigawé jeung batur sakelompok. Upama geus réngsé, pék tukeurkeun jeung kelompok séjén sarta titénan naon kakurangan atawa kasalahanana.



Sumber: <http://3bp.blogspot.com>

PANGAJARAN
5

MACA NOVÉL

Hidep tangtu kungsi maca novel nya? Tah, dina sastra Sunda loba pisan novel anu bisa dibaca. Témana ogé rupa-rupa, ti mimiti anu ngaguar kahirupan manusa di jaman bihari tepi ka anu nyaritakeun kahirupan modéren di alam kiwari. Béda jeung maca carita pondok anu ukur ngasongkeun hiji peristiwa, maca novel mah leuwih anteb karasana, sabab anu dipedarna ogé leuwih jero. Galurna carita leuwih panjang sarta loba konflik carita anu matak resep nuturkeunana. Naha novel Sunda ukur nyaritakeun alam pilemburan wungkul? Henteu. Dina novel Sunda ogé urang bisa manggihan kaayaan kiwari, manusa jaman kiwari, anu geus bisa ngagunakeun hasil téknologi. Geura baca ku hidep sempalan novel *Rasiah Kodeu Binér* anu nyaritakeun misteri bilangan binér. Atawa *Catetan Poéan Réré* anu nyaritakeun tokoh Réré nu tegeur jeung si Aa anu teu normal bogoh ka lalaki, tangtu bakal panasaran.

A. Maca Sempalan Novel

Ieu di handap aya sempalan novel. Pék baca sing gemet!

Sempalan Novel 1

.....

Jam setengah genep isuk-isuk. Panto kamar Rina aya nu ngetrokan.

“Rin... Rina...gugah!”

Rina jeung Anis méh bareng ngoréjat.

“Muhun, Bu!”

“Itu réréncangan Rina mani tanginas, wayah kieu tos kadariieu...”

“Diran, Bu?”

“Muhun, sareng Emod. Kadé hilap netepan subuh heula!”

“Muhun...”

Anis hideng mérésan simbut jeung bantal nu pasoléngkrah. Sanggeus ka cai, solat subuh, duanana terus ka téras hareup. Kasampak Diran jeung Emod keur tingsuruput nginum susu haneut.

“Kumaha ieu téh, pribumi nepi ka nembé garugah, kapiheulaan ku sémah. Tuh, panonna gé barintit kénéh, Mod. Sidik kakara sibeungeut!” cék Diran bari tutunjuk.

“Tong ngéra-ngéra kitu atuh!” Rina bareureuman.

“Ih, Emood!” Anis ngoyag-ngoyag taktak Emod, terus nyidik-nyidik beungeutna. “Mani asa sataun teu panggih jeung Emod. Kumaha teu ku nanaon?”

“Henteu...tuh, awak uing jagjag kénéh..” cék Emod.

“Saha heula atuh nu manggihanana. Tah, ieu yeuh!” cék Diran bari nepak dadana.

“Enya kitu Diran anu manggihan Emod téh?” Rina neutep ka Emod.

“Enya kituh, Mod. Engké ku uing dibéré tas anyar lamun manéh nyebut enya..”

“Héhéhé, enya.”

“Lah, teu percaya,” cék Anis. “Mun bener gé kapanggih ku Diran, moal kudu muruhan sagala ngarah Emod nyebut enya...”

“Kumaha dongéngna, Mod? Rina panasaran yeuh...”

“Cik piring goréng pisang kadieukeun heula...”

“Keur naon?” Anis kerung.

“Étah bet nanya keur naon. Rék dipindahkeun ka jero beuteung!”

“Rék mindahkeun piring ka jero beuteung? Duh, ulah, Mod, paura, kajaba mun rék sulap!”

“Lain piringna Nis, tapi pisangna. Emh.. kieu yeuh caritana mah...”

Basa dititah motokopi téa, ngadadak uing hayang kahampangan. Mani teu kuat. Berengbeng wéh ka WC heula. Ku lantaran sieun kabaseuhan, keretas nu rék difotokopi téh ku uing diselapkeun heula kana kastop nu napel dina panto WC.

Bérés kahampangan uing kaluar. Kasampak deukeut WC aya lalaki ngajanteng duaan, langsung nyampeurkeun ka uing. Nu hiji maké kacamata, nu hiji deui rada pendék. Duanana maké baju kantor, maké dasi sagala.

“Diran, nya! Hayu ngiring heula sakedap!” cék nu saurang
Uing téh da geumpeur, nya nuturkeun wé. Najan bari anéh naha ka
uing bet nyebut Diran.

Uing dibawa ka tempat parkir. Éta lalaki mawa mobil warna beureum.
Geus kitu uing sina asup ka jero mobil. Uing mani geus soak sieun dibawa
kabur. Rék ngagorowok kalah ngadégdég. Ngan rada tenang téh, da éta
lalaki nyaritana leuleuy.

“Tadi Bapa ti imah Diran,” cék éta lalaki ngabapakeun.

“Cék Bu Lilis, cenah kamari Diran nu asup ka gudang téh, leres?”

Uing ngahuleng. Bu Lilis téh pan indung Diran. Mimiti mah uing
rék bébéja yén manéhna salah, da uing mah apan Emod. Ngan uing mah
mimiti curiga. Ngadége nyebut gudang, uing jadi inget kana keretas nu
rék difotokopi téa. Éta keretas tinggaleun kénéh di WC.

“Leres, teu?”

Uing unggeuk bari angger bingung.

“Mendakan ieu ti gudang?” lalaki nu hiji deui némbongkeun kaméja
soéh warna bulao.

Uing unggeuk deui.

“Di kamanakeun eusinna?”

“Naon eusina, Pa?”

“Amplop, dieusi keretas. Di mana ayeuna éta amplop téh?”

“Ké sakedap Pa, abdi badé ka réréncangan heula, hawatos
ngantosan...”

“Teu kudu, da moal lila. Bikeun heula éta amplop. Da moal guna
keur Diran mah...”

Uing bingung. Bikeun waé kitu keretas anu di WC téa? Tapi kacipta
Diran bakal ngambek mun dibikeun teh.

Tungtungna, uing néangan akal

“Da teu dicandak ayeuna mah...” cék uing.

“Di mana atuh?”

“Kakantun...”

“Di mana? Di imah?”

“Sanés...”

“Ari geus di mana?” éta lalaki mimiti nyentak, nepi ka uing ngarénjag.

“Euh...di warnét...,” uing ngajawab téh asal engab.

“Hayu téang! Ahmid, bekem heula geura biwirna bisi ngagorowok.”

Biwir uing dibekem ku kaméja téa. Mani eungap. Lalaki nu pendék terus ngahirupan mobil. Geus kitu mobil ngadius ka lebah jalan raya.

“Di warnét mana tinggaleunana?”

Uing ngabetem bari sirah asa muter da terus néangan akal.

“Jawab, siah, di warnét mana? Mun éta keretas teu kapanggih, manéh moal bisa balik!”

“Laan atuh euy bekemanana, da moal bisaean ngomong atuh ari biwirna ditutupan mah!” cék nu nyupiran.

“Aéh, heueuh!”

Uing rénghap ranjug. Mani asa tas lulumpatan, eungap pisan dibekem satarikna.

“Di warnet mana?”

“Di jalan Basajan!” dina pikiran uing, asana di Jalan Basajan deukeut kontrakan Ema baheula aya warnét.

“Di mana éta téh?”

“Teu terang jalanna ti dieu mah. Kedah kana angkot!”

“Heueuh lebah mana?”

“Geus teu kudu ditanya deui, Mid. Déwék nyaho Jalan Basajan mah, asana deukeut statsion. Sok silaing pindah ka hareup diukna.”

Sajeroning dina mobil, uing ngadégdég. Reuwas jeung bingung kudu kumaha. Kacipta mun éta keretas henteu kabikeun téh uing moal dileupaskeun. Sajajalan uing ngadéngékeun obrolan nu duaan.

“Kumaha mun éta keretas kabaca ku nu sejen?” cék lalaki nu tadi ngabekem uing.

“Wah, keun bae, da moal ngartieun. Nu bisa maca éta surat ngan ukur Jang Wandu.”

“Pinter geuning Jang Wandu téh?”

“Puguh waé atuh, da lulusan jurusan komputer. Jeung tara poho ka urang deui budak téh...”

“Tara poho kumaha?”

“Pan sok méré pesenan geuning. Unggal mangmacakeun éta surat, Jang Wandi sok diburuhan ku Bu Ening 20 juta. Urang gé sok kabagéan geuning. Mangkaning geus aya sapuluhna suratna téh. Nu ayeuna mah pasti leuwih gedé, lantaran surat panungtung....”

“Naha bet surat panungtung?”

“Apan Pa Sukaya téh geus maot... Piraku bisa kénéh nyieun surat?”

“Euy, enya. Jeung Pasti sagala rupana aya dina surat panungtung.”

“Nya kitu, nu matak penting pisan. Urang gé bakal meunang buruh nu rada gedé sigana mun hasil téh.”

“Ké ari Si Sudira kumahakeun? Pan ayeuna dikerem kénéh di imah Bu Ening...”

“Cék Bu Ening kieu cenah. Mun éta surat geus karawatan ku urang, Si Sudira mah sina balik ka lemburna. Bahanan ongkos wé....”

“Heueuh, belegug atuh da Si Sudira mah. Coba mun biluk ka Bu Ening, meureun moal dikukumaha, jeung bakal disenangkeun deuih....”

“Jelema nu teu nyaho untung nu kitu téh. Ngajauhan pirejekieun. Aéh naha bet puputeran ieu téh, asa teu nepi-nepi ka Jalan Basajan?” cék nu nyupiran.

Uing mah ngahéphép di tukang baring adéngékeun nu ngawangkong. Tapi teu nyaho naon maksudna nu diobrolkeun ku maranéhna téh.

“Beulah mana warnétna?” nu gigireun supir ngalieuk ka tukang.

“Muhun, di Jalan Basajan!”

“Heueuh lebah mana, geuning teu nepi-nepi?”

“Teu terang ti dieu mah...”

“Ké urang nanyakeun euy...”

Lebah lampu setopan, mobil eureun. Nu nyupiran tatanya ka nu tumpak motor, nu kabeneran ngarandeg ngaréndéng jeung mobil.

“Geus jauh cenah euy, tadi kaliwat. Da silaing tuda ngajak ngobrol waé.”

“Ari sugan di dinya nyaho tempatna...”

“Duh, jaba macét deuih. Bakal lila ieu mah, da kudu muter heula...”

Teuing meunang sabaraha jam uing dibawa ka nu mobil téh.. Da teu kanyahoan geus burit. Tapi teu burung nepi ka Jalan Basajan. Reg lebah warnét.

“Jung bawa heula amplopna!” cék nu tadi ngabekem.

“Baturan atuh, Mid. Bisi kabur! Tapi tong nyirikeun, bisi aya nu curigaeun.”

Uing diturunkeun tina mobil, dibawa ka lebah warnét. Manéhna ngadagoan di lawang, teu milu asup.

Uing bingung kudu kumaha. Da tadi gé nyebut di warnét sotéh téh pan lantaran geumpeur. Sangeus ngahuleng sakedapan, uing nyampeurkeun ka awéwé nu keur tunggu warnét.

“Téh, badé ngeprint!”

“Mangga. Ngeprint naon, mana file-na?”

“Teu nyandak, badé ngetik heula.”

“Di komputer itu atuh badé ngeprint mah.”

“Da moal lami, Téh. Punten wé pangetikkeun wé.”

“Seueur?”

“Henteu....mung dua angka!”

Uing tuluy nitah ngetik angka 1 jeung 0, susunanana sakainget, nepi ka pinuh sakaca. Henteu lila, da disalin-témpél, jadi ngetik salambar téh henteu samemit-menit acan.

Sangeus diprint, uing ménta amplop. Béh teu kaciri keretas anyar, ku uing keretas téh dirames heula nepi ka risek. geus kitu diamplopan. Duit keur motokopi téa dipaké mayar. bakat ku rusuh, nepi ka poho teu ménta pamulanganana.

Uing dibawa deui kana mobil.

“Sok buka heula amplopna!”

Amplop dibuka ku nu tadi nganteur ka warnét.

“Ieu lain?”

“Enya sigana mah, da ceuk Bu Ening gé suratna téh eusina ukur angka 1 jeung 0”

“Kumaha ieu téh macana? Mani matak jangar nénjona.”

“Teuing atuh da urang mah lain ahlina.”

“Hayu atuh bisi kaburu peuting!”

“Éta budak turunkeun heula! Geus teu butuh ayeuna mah!”

Uing sina turun. Geus kitu mobil ngadius.

Meunang sakedapan mah uing ngajanteng sisi jalan. Mani asa leupas ti kandang macan. Reuwas kareureuhnakeun.

Lantaran dina saku euweuh duit, uing tuluy leumpang. Nu dijugjug téh sakola, rék mawa keretas nu nyelap di WC téa. Ti Jalan Basajan ka sakola téh pan kacida jauhna. Jadi uing kakara nepi jam salapan peuting.


Tadina mah aya niat kieu. Uing rék lah-lahan ménta tulung ka nu mawa hapé, nu pasarandog di jalan. Ngan uing teu apal nomer Rina, Anis, atawa Diran. Jadi wéh nikreuh leumpang.

Untungna téh keretas nu tinggaleun di WC aya kénéh. Ti dinya uing tuluy ngajugjug ka imah Diran. Kakara nepi jam sapuluh peuting. Bisi Ema deudeupeun, Diran sina nelepon ka tatangga uing, titip pesen yén uing salamet.

.....

*(Sempalan tina novel Rasiah Kodeu Binér,
karangan Dadan Sutisna)*

B. Maham Eusi Sempalan Novel



Wacana di luhur téh sempalan tina novel Rasiah Kodeu Binér. Tangtu hidep panasaran nya, hayang maca sagemblengna. Hadé pisan upama hidep maca éta novel. Bisa néangan novelna di perpustakaan atawa meuli ka toko buku. Sok sanajan ayeuna kakara maca sempalanana, hidep bisa ngira-ngira kumaha matak resepna lamun maca éta novel nepi ka tamat. Sabada tadi maca sempalanana, tangtu hidep paham sarta bisa ngajawab ieu pertanyaan-pertanyaan di handap.

1. Saha baé palaku anu dicaritakeun dina éta sempalan novel téh?
2. Kira-kira saha anu jadi palaku utamana?
3. Tétélakeun kumaha pasipatan éta palaku anu opatan téh?
4. Di mana baé latar patempatan anu dicaritakeun sarta iraha waktuna?
5. Naon sababna Emod bet aya nu mawa kabur?
6. Naon saenyana eusi éta surat téh?
7. Kumaha siasat Emod sangkan bisa leupas ti éta jalma anu mawa kabur?
8. Naon anu kasorang ku Emod sanggeus manéhna ditinggalkeun di sisi jalan?
9. Naon sababna Emod bet henteu ménta tulung ka babaturanana?
10. Kumaha anu karasa ku hidep sanggeus maca éta sempalan novel?

C. Niténan Unsur Novel

Sakumaha anu tadi geus ditétélakeun, wacana anu tadi dibaca ku hidep téh sempalan novel, meunang nyutat tina novel *Rasiah Kodeu Binér* karangan Dadan Sutisna, anu kungsi dilélér panghargaan Hadiah Sastra Samsudi. Ku sabab ngaranna ogé sempalan (bagian), tangtu waé éta carita téh teu acan tamat. Lalakonna panjang kénéh, diwangun ku sababaraha bagian atawa bab.

Naon ari nu disebut novel? Novel téh carita rékaan anu panjang dina wangun basa lancar (prosa). Béda carpon anu sing sarwa singset, novel mah jalan caritana loba bagian-bagianana. Kitu deui palakuna ogé loba sarta mangsa anu kacaterna lila. Novel umumna diréka tina pangalaman atawa kahirupan manusa anu réalistik, kaharti ku akal. Palaku, jalan carita, tempat jeung waktu lumasungna carita dina novel napak dina kanyataan.

Upama ditiénan caritana, novel téh ngabogaan unsur-unsur carita:

1. **Palaku**, nyaéta jalma-jalma anu ngalalakon. Aya palaku utama, nyaéta anu loba dicaritakeun ku pangarang sarta loba nyorang kajadian. Aya ogé palaku panambah, nyaéta anu kalungguhanana ukur marengan palaku utama. Dina sempalan anu tadi, palaku anu dicaritakeun téh nyaéta Diran, Emod, Rina jeung Anis. Ku sabab ukur sempalan urang can bisa nangtukeun saha saenyana anu jadi palaku utamana dina éta novel téh.
2. **Latar**, nyaéta patempatan jeung waktu anu kasabit-sabit dina carita. Urang bisa nyebutkeun yén latar dina sempalan anu tadi nyaéta; imah Rina, tempat parkir, jeung warnét. Ari waktuna nyaéta isuk-isuk, beurang wanci sakola, jeung peuting.
3. **Galur** atawa plot, nyaéta bagerakna carita tina hiji kajadian kana kajadian séjénna. Galurna anu katururkeun ku urang dina sempalan anu tadi nyaéta; isuk-isuk Diran jeung Emod datang ka imah Rina; Emod ngadongéngkeun kajadian anu kasorang basa aya nu mawa kabur (Emod dibawa kabur ti tempat parkir; Emod ngetik angka di warnét; ditinggalkeun di sisi jalan; Emod leumpang ngaprak balik ka imah Diran).
4. **Téma**, nyaéta poko pasualan carita anu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca, upamana baé; kanyaah indung, buméla ka lemahcai, ganjaran ka nu sabar, wawales ka nu sarakah, jeung sajabana. Urang can bisa nyindekkeun naon téma tina novel Rasiah Kodeu Binér téh sabab kakara maca sempalanana. Tapi sanajan kitu, urang bisa nyebutkeun téma anu kapanggih atawa karasa sabada maca éta sempalan, nyaéta luhungna ajén sosobatan.

Dina sastra Sunda réa novel anu geus ditarulis ku para pangarang. Novel Sunda anu munggaran medal nyaéta *Baruang ka nu Ngarora* karangan D.K. Ardiwinata, anu medal dina taun 1914. Salian ti éta aya deui novel nu séjénna, upamana baé Agan Permas (1926) karangan Yuhana, Rusiah nu Goréng Patut (1928) karangan Sukria jeung Yuhana, Mantri Jero (1928) karangan R. Méméd Sastrahadiprawira, Laleur Bodas (1940) karangan Samsu, Pahlawan-Pahlawan ti Pasantrén (1966) karangan Ki Ummat, Pipisahan (1977) karangan R.A.F. (Rahmatullah Ading Affandie), Béntang Pasantrén (1978) karangan Usép Romli HM., Potrét (1986) karangan Ahmad Bakri, jsb.

Novel Rasiah Kodeu Binér anu sempalanana tadi dibaca ku hidep kaasup novel anu dihususkeun pikeun bacaeunbarudak. Salian ti éta novel barudak téh lobakénéh, upamana baé Carita Si Dirun karangan Samsudi, Miang jeung Kaludeung, Si Paser, karangan Tatang Sumarsono, Patepung di Bandung karangan Taufik Faturrohman, Bima Rengkung karangan Hidayat Soesanto, Kabandang ku Kuda Lumping karangan Ahmad Bakri, jsb.

Latihan (Aprésiasi Novel)

1. Baca babarengan jeung batur sakelompok ieu sempalan novel di handap!
2. Caritakeun masing-masing kalawan ringkes naon eusina dua sempalan novel nu dibaca ku hidep!
3. Titénan sarta analisis unsur-unsur caritana sakumaha dina conto pedaran anu tadi.
4. Tulis éta hasil analisis téh minangka laporan kelompok!

Sempalan Novel 2

.....

Misteri keur urang mah, Li, nimu orok téh! Kawas nu ngahaja ngagantian nu geus leungit, Li! Enya, orok téh rejeki!

Tapi, Li! Aya kapeurih séjén na haté urang ayeuna. Kalakuan Si Aa bet kawas awéwé! Ayeuna si Aa geus embung sakola deui. Padahal ukur sababaraha bulan deui ka ujian. Tungtungna mah si Aa kaluar ti sakolana, bari teu boga ijazah SMA!


Kasedih teu aya Mamah, tepi ka poé ieu, can lipur kénéh. Salilana, urang ngarasa lalewang jeung karareueung. Keur aya Mamah mah, ari poé Minggu kieu téh sok barungah, ngariung sakulawarga. Rapékan Mamah mah. Aya naon waé sok diolah, diasakan. Sampeu jadi combro. Hui jadi gegetuk. Tarigu jadi bala-bala. Naon waé, ku Mamah mah pasti jadi kadaharan anu ngeunah.

Kawas poé ayeuna, Li! Urang ngalangeu di buruan, bari ngangais Ila. Panonpoé keur meujeuhna haneut moyan. Ila ngageubra dina aisan, bangun ni'mat naker. Urang hulang-huleng teu puguh.

Teuing naon nu memetot rarasaan téh. Ujug-ujug jorojoy, asa hayang ka kuburan Mamah bari mawa Ila. Hayang nembongkeun Ila ka Mamah. Léos, ninggalkeun buruan.

“Badé dicandak ka mana, Nég?” Teu didéngé Ceu Amah gegeroan ogé. Urang noyod ka tonggohkeun, rék ka kuburan Mamah.

Hareupeun imah manéh, Li, urang ngajanteng heula. Cakueum imah téh ari teu dieusian mah. Baheula mah, imah téh hégar pikabetaheun. Tah, dina tangkal jambu nu éta manéh labuh téh, nya, Li! Untung teu



Sumber: dokumen pribadi

kapaéhan ogé! Teu karasa urang nyéréngéh sorangan. Anéh, ari manéh, jadi lalaki téh bet borangan. Teu bisa naék-naék acan.

Inget teu, Li? Urang jeung manéh sok bebekelan di dinya dina téras? Angger wé manéh mah, deungeun sangu téh sok goréng endog waé. Mamahna teu masak, ceuk manéh bari bebelewekan. Paribasa!

Basa anyaran Mamah manéh maot, sok sapopoé urang maturan manéh di dieu. Nu tadina nguluwut téh, ari datang urang mah sok ngadak-ngadak jigrah. Urang bungah pisan nempo manéh kitu téh. Tapi ari ayeuna, waktu urang ditinggalkeun maot ku Mamah, manéh teu aya di dieu, Li!

Teu karasa cipanon ngembeng. Urang sono ka manéh, Li!

Teu jauh leumpang ti imah manéh téh, urang geus datang ka kuburan. Gog, urang cingogo deukeut tetenger Mamah. Ila ngulisik, teu genaheun meureun diajak nagog kieu mah. Urang ngendoran samping aisan dina taktak.

Kakara dua bulan, kuburan téh geus barala deui. Urang nyabutan jukut nu dareu-keut. Pok gegerendengan sorangan.

“Mah, Réré gaduh orok gegentos si Adé! Réré teu terang, ieu téh putra saha? Tapi duka ku naon, tibarang Réré ningal orok ieu, haté Réré ujug-ujug nyaah, asa ka si Adé wé, Mah! Namina Ila Aina Nur Inten. Saé, nya, Mah! Kénging nganamian Abu!”

Urang neuteup Ila nu ngabelengéh, keur ngimpi sigana mah.

Keur kitu aya sora nu babatukan di tukangeun. Gebeg! Ila gé tepi ka ngarénjag dina aisan. Kaoyagkeun ku awak urang. Dilieuk téh Mang Mimid, tatangga, keur anteng ngaritan jukut nu ngabadeg sisi-sisi kuburan batur.

“Tos bala, nya Néng?” cenah bari nyampeurkeun.

“Keun engké ku Mamang urang beresihan!”

Urang unggeuk bari nganuhunkeun. Gura-giru balik, éra, bisi aya nu nganyahoankeun deui, mamawa orok ka kuburan.

Aya nu anéh di si Aa téh, Li! Kakara eungeuh ayeuna, urang ogé.

Poé ieu urang merego si Aa, keur anteng di kamar urut Mamah. Urang ngajenghok, bari rada ngelokkeun awak tukangeun témbokan. Leungeun nyekelan hordéng kamar. Dipéléngékeun saeutik. Panon mencrong ka si Aa nu keur ngajaran erok si Mamah. Gulak-gilek, dangdak-déngdék hareupeun eunteung. Horéng aya kénéh baju anu teu kabagikeun téh, da disumputkeun ku si Aa.

Bakat ku reuwas, tuur ngadadak nyorodcod. Brek wé diuk dina téhel. Tapi panon mah tetep mencrong ka jero kamar. Kasono jeung kareuwas pagalo jeroeun dada. Naha si Aa bet ngajaran baju Mamah?

Nempo baju éta téh, bet asa bréh-bréhan deui Mamah ngajanteng hareupeun. Matak deungdeuleueun puguh, diacuk éta téh raray Mamah beuki cahayaan. Erok buludru hideung. Dadana rada ngaliglag, panjangna satuur. Ngepas pisan di Mamah mah, bubuhan dada jeung imbitna ngareusi. Ari di si Aa. Ih, ngéwa pisan! Lebah dada jeung bujurna teu kaeusian, da puguh lalaki si Aa mah.

Urang istigpar bari ngusap beungeut sababaraha kali. Raray Mamah kokolébatan. Urang ngedeprek, nukangan kamar si Aa. Késang renung dina tarang. Awak ngadadak ramohpoy. Hayang jejeritan satakerna, tapi buru-buru ditungkup ku leungeun duanana. Cipanon murubut teu

kaampeuh. Urang maksakeun cengkat. Blus ka kamar. Cetrék, ngerem manéh. Gauk wé ceurik bari nanangkeup bantal.

Ti saprak kajadian si Aa ngajaran baju si Mamah, haté urang mindeng seseblakan, Li. Urang watir ka si Aa. Komo ayeuna mah si Aa kaluar ti sakolana. Era ku babaturanana, nyaritana mah. Sok dipoyokan, cenah, ngaranna kawas awéwé.

Ti keur SD kenéh ogé si Aa sok mindeng ngangluh ka Bapa, majarkeun téh bet méré ngaran awéwé, “Susan Basari”. Mamah nu sok ngupahan téh. Henteu kawas istri, da aya ‘Basari’-an, ceuk Mamah. ‘Basari’ téh ngalambangkeun lalaki anu gagah. Tapi si Aa keukeuh henteu narima.

Urang jeung si Aa mah tibalik nya, Li! Si Aa siga awéwé, ari urang siga lalaki. Tapi béda kéténg. Luarna wungkul siga lalaki téh. Da haté urang mah, tetep haté awéwé!

Manéh ogé pan apal, urang mah jalingkak. Pakéan hayang kawas lalaki waé. Buuk pondok. Kana tataékan satérékél-satérékél. Teu kawas si Aa. Naékan tangkal jambu nu pendék ogé teu bisaun. Sarua, jeung manéh, Li!

Beuki dieu, si Aa beuki rapékan. Ti mimiti ngamandian Ila, ngistrika, ngepél, nyeuseuh, nepi ka masak, kabéh ditangkes ku sorangan. Komo ayeuna mah geus teu sakola kapan. Beuki suhud wé barang-gawéna téh. Éta ogé sok dicaram ku Ceu Amah. Ceuk Ceu Amah, padamelan istri ieu mah, sanés padamelan pameget. Tapi si Aa sok pundung dikitukeun téh. Ceu Amah surti kadieunakeun mah tara daékeun curam-caram deui.

*(Dicutat tina novel Catetan Poéan Réré,
karangan Ai Koraliati)*

Sempalan Novel 3

.....

Geus aya taunna Si Uha ngumbarana di dayeuh. Ku dununganana kacida dipika-nyaahna; keur mah teu kagungan putra, turug-turug budakna bisa mihapékeun manéh. Sakaluarna ti sakola ku dununganana diasupkeun ka Kursus Dagang; lebar ku pangartina, cenah.

Kana gawé beuki singer, méh sagala katangkes, taya kabau. Geus puguh ari pagawéan lalaki mah; ka nyangu-nyangu kacabak. Atuh dununganana téh beuki tamplok baé kanyaahna.

Salebaran sakali sok merlukeun balik ka lembur; boh méméhna sakalian ngadon lebaran riung mungpulung jeung indung jeung dulur, atawa sabadana mun meneran dian-deg mah kudu lebaran di dayeuh. Unggal bulan dununganana sok ngiriman, ngabanjel-banjel kaperluan indungna jeung Si Aah. Atuh ku kituna nu di lembur jongjon, nu ngumbara betah. Teu sumoréang teuing ka nu ditinggalkeun.

Indungna gé jeung Si Aah kungsi dua kali ngalongok bari rébo kikiran, ka peuteuy-peuteuy sélong dibawa, hatur lumayan cenah tamba léngoh.

Bubuhan lila di dayeuh, geus leungit wé bulu kampung téh boh kulit atawa réngkak nyeplés urang dayeuh pituin. Awakna mesat jadi jangkung gedé, kulit lingsig asak omé.

Basa balik ka lembur nu pangpandeurina saréréa pada kalinglap, malah réa urut batur ulinna nu teu wawuheun dina sagokeun mah. Loba nu teu wani ngadeukeutan mimitina mah, nga-rumasakeun bulukusutan. Tapi Si Uha mah teu pindah pileumpangan, sabaheula waé adatna téh; babaturanana diraéh, euweuh ieu aing pinter, ieu aing urang dayeuh. Ngan saurang nu teu beu-nang

dideukeutan téh, nyaéta Si Utay, sakitu saba-baraga kali ngahaja dianjangan sakalian ne-pungan mamangna jeung bibina.

Satamatna ti Kurus Dagang ku dununganana dijeujeuhkeun dipangyiarkeun pagawé-an. Kabeneran ditarima jadi jurutulis di pabrik tinun. Najan geus digawé, teu incah bali-lahan, nuturkeun dununganana baé. Kana gawé teu ngurangan, sabaréto baé cara basa keur sakola kénéh.

Unggal gajiha, duit téh kabéh dipasrahkeun ka dununganana, manéhna mah ngan ukur misahkeun keur kaperluan sautak-saeutik. Atuh dina jero dua taun digawé téh geus bisa ngoméan imah indungna, sakalian digedéan jeung dipapantes.

Ayeuna mah saenggeus manéhna gedé, geus boga gawé di dayeuh sarta geus kadeu-leu tapakna, ari pareng balik ka lembur téh ku kolot-kolot ogé diarambeuan diarajaénan. Sumawona ari papantaranana mah, boro-boro aya nu wani ngunghak, dipiconggah gé réa nu popoyongkoda, éra.

Barudak parawan loba nu ngadadak nyobat ka Si Aah. Duka naon sababna, da mun pareng manéhna aya di lembur sok katénjoeun saban soré sok aya waé nu nyampeur ulin ka adina. Manéhna onaman tara pati barangtitén; rajeun disindiran ogé ku indungna api-api teu ngarti waé, da can aya maksud téa kana boga pamajikan téh.

Nu teu weléh matak hémeng téh talajak Utay, siga beuki kacida ceuceubna ka ma-néhna téh. Nepi ka kanjat ngareuhak ari ngaliwat ka hareupeun imaha téh. Kilang kitu teu jadi pikir, da geus nyaho kitu adatna.

.....

*(Dicutat tina novel Nu Sengit Dipulang Asih,
karangan Ahmad Bakri)*

E. Pancén

1. Hidep kudu maca salah sahiji novel Sunda, bisa néangan di perpustakaan atawa di toko buku. Pék baca sagemblengna tepi ka tamat éta novel téh.
2. Tulis minangka laporan maca, nyaritakeun naon éta novel téh, saha baé para palakuna, di mana latar caritana, kumaha galur caritana, sarta naon témana!



Sumber: tofan.wordpress.com

PANGAJARAN
6

METAKEUN DRAMA

Drama téh salah sahiji wangun karya sastra anu sok dipagelarkeun. Hidep tangtu kungsi lalajo pagelaran drama, boh langsung boh tina media vcd atawa televisi. Naon anu kudu dipilampah upama urang hayang mintonkeun drama? Anu pangpokona tangtu kudu aya naskah, da apan dina naskah ayana leunjeuran carita téh. Tah, dina pangajaran ayeuna hidep rék diajar maca, niténan, sarta molahkeun naskah drama di hareupeun kelas.

A. Maca Naskah Drama

Baca sarta tengetan ieu naskah drama di handap!

Conto Naskah Drama 1

Si Ujang Jadi Prabu

Babak 1

(Sang Prabu, Pramésuari, para putri, ponggawa, jeung Paman Léngsér arasup ka panggung. Sang Prabu katénjo henteu bérag. Gék diuk, tuluy hulang-huleng, bangun keur boga kabingung.)

- Gusti Prabu : Keur baluweng kaula téh, Paman Léngsér. Bingung ku rupa-rupa pasualan.
- Paman Léngsér : Pasualan naon téa, Gusti Prabu?
- Gusti Prabu : Baluweng ku dua perkara kaula téh, Paman. Anu kahiji, rahayat urang téh keur tingkocéak. Saban waktu keuna ku rupa-rupa musibat: banjir, lini, runtah, panyakit. Anu kaduana, anak kaula, Si Endén, apan teu waras pipikiranana bari teu cageur-cageur diubaran ka mana-mana ogé. (Ngahuleng heula) Cing sugan Paman Léngsér bisa méré bongbolongan! Kudu ditumbalan ku naon nagara urang jeung putri kaula téh?

- Paman Léngsér : (*Ngahuleng*) Puguh sami, Gusti Prabu. Kaula ogé keur hariwang ayeuna téh?
- Gusti Prabu : Naha hariwang ku naon, ari Paman?
- Paman Léngsér : Eu...eu...éta pun alo, Nyi Esih, kamari téh ngalahirkeun, Gusti Prabu. Ari pék orokna téh bedegul, tiasa kokorondangan, jaba tos tiasaeun cacarita.
- Gusti Prabu : Ih, orok ajaib atuh éta mah. Terus naon nu matak jadi kahariwang Paman?
- Paman Léngsér : Numawi, Gusti Prabu, éta orok téh rampus pisan sagala dituang.
- Gusti Prabu : Alus, Paman, hartina éta orok téh séhat.
- Paman Léngsér : Sanés kitu, Gusti Prabu, anu dituangna téh sanés kadaharan wungkul. Pepelakan di buruan, anak hayam, malah ka lamak bubututan ogé sok dituang ku orok téh.
- Gusti Prabu : (*Seuri ngagakgak*) Ha ha ha....Turunan jurig sugan, Paman! Nya alus ari daék ngadahar lamak bubututan mah, da harga béas keur mahal apan ayeuna téh!
- Paman Léngsér : Tapi aya ahéngna deuih éta orok téh, Gusti Prabu, tiasaeun ningali naon-naon anu ku urang teu katingal.
- Gusti Prabu : Alus, bisa jadi paranormal ké Paman. Nya keun heula soal orok mah. Ditanya naon tadi Paman ku kaula téh?
- Paman Léngsér : Eu..eu...éta Gusti Prabu. Kudu ditumbalan ku naon nagara urang sareng Endén Putri téh?
- Gusti Prabu : Hmm. Enya. Cing kudu kumaha sangkan nagara urang subur ma'mur, rahayatna henteu tingkocéak, jeung putri kaula bisa cageur?
- Pramésuari : (*Nyembah*) Hapunten, Kakang Prabu. Unjuk uninga, tadi wengi abdi ngimpen ahéng kacida.
- Gusti Prabu : Tah, tah...! Ngimpen naon Nyimas, bojo Kakang anu lucu anu geulis?

- Pramésuari : (Gulak-gileksemugumeulis) Ih, Kakang Prabumah! Abdi janten geer, asa ngapung, ih. Kieu impénan téh, Kakang Prabu. Abdi ujug kasumpingan ku hiji Resi. Pok éta Resi téh sasauran. “Nagara anjeun bakal subur ma’mur, putri andika bakal cageur, lamun ditumbal ku Tujuh Mustika!”
- Saréréa : (*Reuwas*) Tujuh Mustika?
- Gusti Prabu : Di mana cenah ayana Tujuh Mustika téh, Nyimas? Naha di bumi, naha di laut, atawa di langit?
- Pramésuari : Aya di nagara urang saurna, Gusti Prabu! Kantun urangna nu kedah pinter milarina.
- Gusti Prabu : Sanggup Paman Léngsér néanganana?
- Paman Léngsér : Beu, ampun, Gusti Prabu! Bujeng-bujeng kedah milari. Kana rupana ogé kaula mah teu terang.
- Gusti Prabu : Ké, ké....kudu ku saha cenah Nyimas ditéanganana éta Tujuh Mustika téh?
- Pramésuari : Sang Resi henteu nyebatkeun kedah ku sahasahana, Gusti Prabu, da anjeunna kabujeng ngiles deui. Rupina ^(2 X) ti asa ku saha baé.
- Paman Léngsér : Kumaha upami ku putra Gusti Prabu baé, ku Radén Aria.
- Gusti Prabu : Tah enya, alus ide téh, Paman! Ngarah engké Si Agus jadi kasohor, nya? Tangtu bakal diliput ku wartawan Televisi. “Tujuh Mustika geus kapanggih ku putra raja ti Karajaan Manoko.” Cas heula ah, paman! Cik urang geroan Si Agusna. Agus! Agus...! Ka dieu!
- Pramésuari : Ih, Kakang Prabu mah. Piraku nyauran ka putra raja mani kitu! Radén...! Radén Aria Lingga Kancana, kituh!
- Gusti Prabu : Enya, apan sok di-Agus-Agus ku urang téh lin? Agus....! Sagus...! Sagus....! Kadieu!
- (Torojol Radén Aria nyampeurkeun. Ogo, lunggak-linggek. Pakéanana saragam SD.)

- Radén Aria : (Ngomongna ogo). Aya naon, Pap! Agus badé ka sakola kalah disauran. Badé naon, sih!
- Gusti Prabu : Naha wanci kieu tos badé ka sakola. Apan énjing kénéh?
- Radén Aria : Ih, Papap mah. Apan ayeuna tén dinten Senén, Pap. Kedah upacara Pami kasiangan sok disetrap ku guru. Ih, *boring, boring....déh*, Pap!
- Gusti Prabu : Kieu, Agus! Nagara urang téh ayeuna keur dirungkup ku rupa-rupa musibah. Ceuk impian, cenah kudu ditumbal ku Tujuh Mustika!
- Radén Aria : Naon, Pap mustika téh? Kaulinan? Ih, Agus mah tara maén mustika. Pami maén bal osok. Apan kamari cenah Papap badé mangmésérkeun sapatu maén bal, mana? Ih, *boong..., boooooong déh* Papap mah!
- Gusti Prabu : Ieuh, déngékeun geura. Nagara urang téh kudu ditumbal. Agus sanggup néangan Tujuh Mustika?
- Radén Aria : (*Bari ngahormat*) Siap, Pap!
- Gusti Prabu : Tah, kitu putra Papap mah!
- Radén Aria : Ka mana milarina, Pap? Ka Borma, ka BIP, ka BS, atawa ka Cimol? Ké Agus bari mésér sapatu maén bal, nya Pap?
- Gusti Prabu : Ah, dasar budak oon manéh mah. (*Gogodeg, tuluy ngageroan ka Paman Léngsér*) Paman Léngsér! Kieu baé atuh. Paman kudu ngumpulkeun jalma-jalma sakti anu sanggupeun néangan Tujuh Mustika!
- Paman Léngsér : Teu pindo damel, Gusti Prabu!
(Sang Prabu jeung para pangiringna kaluar ti panggung.)

Jawab ieu pananya di handap!

1. Saha baé palaku anu ngalalakon dina adegan drama di luhur téh?
2. Naon anu ngalantarankeun Gusti Prabu baluweng pipikiran?
3. Ceuk Paman Léngsér kumaha kaayaan orok anu kakara lahir téh?

4. Kudu ditumbalan ku naon cenah sangkan nagara ma'mur sarta Endén Putri cageur?
5. Saha ngaranna putra Gusti Prabu téh? Kumaha pasipatanana?
6. Naon ari praméswari téh?
7. Adegan naon ceuk hidep anu pikaseurieun tina éta sempalan drama?
8. Saha ahirna atah rék dititah néangan Tujuh Mustika téh?

B. Niténan Naskah Drama

Naskah drama anu tadi dibaca ku hidep téh minangka sempalan atawa bagian tina naskah “Si Ujang Jadi Prabu”. Jadi caritana teu acan tamat, da kakara dua babak. Ké hidep bisa maca babak satuluyna. Upama ku hidep dititénan, naon ciri anu pangkatingalna tina naskah drama? Ayana paguneman (dialog). Ieu minangka ciri anu ngabédakeun naskah drama jeung wangun karangan anu séjénna.

Tegesna drama téh carita rékaan anu winangun paguneman (dialog) para palaku. Dina naskah drama katémbong ayana ciri-ciri anu husus, nyaéta:

- 1) Pertélaan palaku, anu ngabéréndélkeun ngaran jeung katerangan ngeunaan palaku. Aya ogé drama anu henteu maké pertélaan palaku, kawas naskah anu tadi di luhur.
- 2) Babak jeung adegan, anu ngabagi-bagi karangan drama. Unggal babak dibagi jadi sababaraha adegan nurutkeun robahna kajadian. Aya drama anu ukur diwangun ku sababak jeung aya anu sababaraha babak.
- 3) Candraan atawa katerangan dina awal babak, nerangkeun kaayaan latar, suasana, palaku, kajadian jeung sajabana, contona:

(Sang Prabu, Praméswari, Para Putri, Ponggawa, jeung Paman Léngsér arasup ka panggung. Sang Prabu katénjo henteu bérag. Gék diuk, tuluy hulang-huleng, Bangun keur boga kabingung.)

- 4) Paguneman, nyaéta kalimah langsung para palaku anu silih témpas, contona:

Gusti Prabu : Ih, orok ajaib atuh éta mah. Terus naon nu matak jadi kahariwang Paman?

Paman Léngsér : Numawi, Gusti Prabu, éta orok téh rampus pisan sagala dituang.

Gusti Prabu : Alus, Paman, hartina éta orok téh séhat.

Paman Léngsér : Sanés kitu, Gusti Prabu, anu dituangna téh sanés kadaharan wungkul. Pepelakan di buruan, anak hayam, malah ka lamak bubu-tutan ogé sok dituang ku orok téh.

Gusti Prabu : (Seuri ngagakgak) Ha ha ha....Turunan jurig sugan, Paman! Nya alus ari daék ngadahar lamak bubututan mah, da harga béas keur mahal apan ayeuna téh!

- 5) Prolog jeung épilog. Aya drama anu henteu maké prolog jeung épilog. Prolog ditulis dina awal drama, eusina katerangan ngeunaan lalakon anu disuguhkeun. Ari épilog ditulis dina bagian panutup drama, eusina kacindekan lalakon jeung naséhat pangarang. Dina naskah “Si Ujang Jadi Prabu” mah teu aya prolog jeung épilog.

Drama kaasup kana sastra lalakon, lantaran karangan drama ngébréhkeun paripolah palaku. Para palaku sina meta sarta maguneman jeung palaku lianna. Ieu anu ngabédakeun drama jeung carita rékaan lianna, upamana baé novel atawa carita pondok anu ngébréhkeun paripolah palaku ku cara dicaritakeun ku juru catur. Dina drama mah dilampahkeun atawa bisa katémbong dina omongan para palaku. Dina drama “Si Ujang Jadi Prabu” anu tadi, urang bisa nyindekkeun kumaha upamana pasipatan Nini Paraji atawa Radén Aria, sabada nengetan omongan-omonganana.

Dina sastra Sunda loba pisan karangan drama anu kungsi dipagelarkeun, upamana baé: *Lutung Kasarung* (R.T.A. Sunarya), *Yaomal Kiyamah* (RAF), *Masyitoh* (Ajip Rosidi), *Cahaya Maratan Waja* (Yus Rusyana), *Bandung Lautan Api* (Rukasah S.W.) *Prabu Siliwangi* (Yoséph Iskandar),

Inten Déwata (Wahyu Wibisana), *Raja Wales* (R. Hidayat Suryalaga), *Prabu Tarusbawa* (Saini KM), *Nagri Katumbiri* (Nunu Nazarudin Azhar), *Cukang* (Dadan Sutisna), *Bandéra! Bandéra! Bandéra!* (Toni Lesmana). jsb.

C. Metakeun Drama

Kagiatan:

1. Ieu di handap aya naskah drama tuluyna tina naskah “Si Ujang Jadi Prabu” nu tadi. Pék baca sarta pagunemkeun heula dialogna ku hidep jeung batur sakelompok kalawan lentong anu merenah.
2. Upama pagunemanana geus apal sarta palaku-palakuna geus ditangtukeun, pék polahkeun (ragakeun) di hareupeun kelas!

(Tuluyna tina naskah “Si Ujang Jadi Prabu”)

Babak 3

(Dukun asup ka panggung bari nampék parukuyan ngebul. Pepeta nurutkeun lagu. Jréng musik padang pasir. Torojol tabib duaan ngagéol bari pepeta kawas penyanyi. Rengsé lagu, silih tunjuk jeung dukun. Seuri bareng ngagakgak. Jep. Cakakak deui seuri bareng. Jep deui. Cakakak deui.)

Tabib : (Ngomongna dilagukeun, kawas keur tagonian) Énté pasti dukun ti Ciréyod! Ha...ha...ha...

Dukun : (*Nunjuk*) Sampéan pasti Tukang Sulap! Ha...ha...ha...

Tabib : (Ngomongna dilagukeun) Ana Wan Mahmud, tabib kasohor ti Bagdad. Ana diondang ku Gusti Prabu. Ana bawa ieu Poci Aladin, insya Alloh ieu poci sakti. Ha...ha...ha....

Dukun : Kaula dukun weduk, dukun mashur di ieu karajaan! Ha...ha...ha... Kaula diondang ku Gusti Prabu, sina nyambat ngadatangkeun jalma-jalma sakti.

Tabib : (*Ngomongna dilagukeun*) *Subhanalloh!* Lamun ana boga kabutuh, ana kari ngomong ka ieu Poci Aladin. Sok

ayeuna énté hayang naon?
 Dukun : Eu...kaula hanaang! Hanaang! Hayang nginum!
 Tabib : (*Bari nompokeun sungut kana pocé*) Cai! Cai! Cai!

(Lung ti gigireun panggung aya nu ngalungkeun aqua gelas ka hareupeun dukun)

Dukun : Wah, élmu kaula leuwih sakti. Teu percaya? Sok éta réncang sampéyan ku kaula rék dirobah wujudna! (*Menekung bari ngagibrigkeun leungeun*) Minda rupa! Minda rupa! Minda rupa jadi lutung! Jadi lutung....!

(Bréh awak tabib 2 robah jadi lutung. Lutung jungang-jéngong, ngabegégan sarta rék nyakar ka tabib. Tabib lulumpatan sieuneun. Lutung tuluy kaluar ti panggung)

Tabib : (*Ngomongna dilagukeun*) Naam! Naam! Ana yaqin, yaqin, yaqiiiin....kana élmu énté. Sok ayeuna énté dititah naon ku Gusti Prabu téh?

Dukun : Euh! Kaula dititah ngadatangkeun jalma-jalma sakti anu bakal bisa néangan Tujuh Mustika. (*Tuluy menekung, mapatkeun jampé pamaké*)

*Puruluk bul paralak bay
 Puruluk bul paralak bay
 Nyambat ka kidul, cunduk ti kidul
 Nyambat ka kalér, datang ti kalér
 Nyambat ka wétan, datang ti wétan
 Nyambat ka kulon, cunduk ti kulon.....!*

(Torojol sangkuriang, soloyong gebru ka hareupeun ki dukun. Teu lila torojol gatotgaca, soloyong, gebru ka hareupeun ki dukun. Ki dukun ngagibrigkeun leu-ngeun deui, tuluy ngepoh tarik, “puah!” . Éta dua jalma carengkat)

Sangkuriang : Kaula nu katelah Sangkuriang! Kaula nu geus nyépak parahu jadi gunung. Aya naon andika ngondang kaula?

Gatotgaca : Hmmm....kaula Radén Gatotgaca nu gagah ti Pringgandani. Aya naon andika nyambat kaula?

Dukun : (*Nyarita kawas lentong Dorna*) É, é, é.....sampéyan, sampéyan. Kudu ngalaksanakeun titah Gusti Prabu, titah Gusti Prabu! Jék nong!

Gatotgaca : (*Ngagerem*) Hmmm....mana raja andika téh? Sok burukeun, bisi ditonjok ku aing!

(Juru catur asup ka panggung, tuluy gogorowokan ngageroan Gusti Prabu)

Juru Catur : Gusti Prabu! Gusti Prabu! Gusti Prabu...!

(Torojol Gusti Prabu Asup Ka Panggung Diiringkeun Ku Ponggawa Duaan)

Gusti Prabu : Aya naon Juru Catur ngageroan kaula?

Juru Catur : Ieu, Gusti Prabu, jalma sakti téa ku Ki Dukun parantos disambat.

Gusti Prabu : (*Nempo ka Sangkuriang jeung Gatotgaca, unggut-unggut*) Naha ngan duaan Ki Dukun? Kapan ceuk kaula ogé kudu sing loba anu disambatna?

Tabib : (*Ngomongna dilagukeun*) Gusti Prabu! ÉlmU Ki Dukun ngan sanggup ngadatangkeun jalma-jalma ti jaman baheula. Kaula, maké ieu Poci Aladin, bakal sanggup ngadatangkeun jalma-jalma ti jaman nu bakal datang.

Gusti Prabu : Hmh..., sok atuh geura témbongkeun kasaktian andika!

(Tabib tuluy menekung bari nompokeun sungutna kana poci aladin sarta nunjuk kana témbok istana)

TABIB : (*Ngomongna dilagukeun*) Kaula butuh Televisi! Televisi! Televisiiii...!

(Témbok istana tuluy robah jadi televisi badag. Di jero TV katénjo aya Superman jeung Robocop. Éta dua tokoh téh tingrarigig, sarta terus nobros kaluar tina TV).

Superman : (*Ngomong semu balélol, bari nepak dada*) *I am Superman! Hero of America!*

Robocop : (*Nungkup sungut, sorana leutik*) *I am Robocop! I am Robocop! Manusa cyber ti Pasar Kosambi!*

(Keur kitu norojol artis sinétron, kaluar tina tv)

Artis : (*Gumeulis*) Abdi artis sinétron Intan. (*Nunjuk ka nu nongton*) Ieu sadayana pasti nge-fans ka abdi, nya? *Thank you! I love you all...!*

(Béncong kaluar tina TV, nyanyi bari nabeuh kecrék, tuluy *kiss-bye* ka nu nongton)

Béncong : (*Sorana gedé semu ngirung*) Abdi gé artis ti Taman Maluku. Ih, bingah pisan, tiasa tepang sareng kabogoh abdi sadayana!

Gusti Prabu : Heup! Heup! Ki Tabib, naha ieu maké aya artis jeung béncong sagala? Apan kaula mah nitah nyambat jalma-jalma sakti wungkul?

Béncong : (*Bari nyawél gado Gusti Prabu*) Ih, Gusti Prabu galak, déh!

Tabib : (*Ngomongna dilagukeun*) Ampun, Gusti Prabu! Nu dua ieu mah ujug-ujug arasup ka jero TV, henteu disambat ku ana.

Artis : (*Ngadelék ka Tabib*). Héh, Wan Abud! Abdi mah seueur penggemar. Ayeuna ka dieu oge diondang ku entertainer, rek aya acara jumpa fans. Nya, nu nongton?

Béncong : (*Ngalinggek*) Abdi gé sami da, badé tepang sareng fans. Badé tepang sareng Si Upri, Si Nénsi, Si Cungho, Si Johér. Ih, gemes, gemeeees..... deh ka Si Johér. Ganteng sih, siga Irwansyah!

Juru Catur : Gusti Prabu! Ieu mahluk ulah diantep bilih teras beuki ngacapruk!

Gusti Prabu : Andika sakabéh diondang ka dieu lantaran aya papancén penting ti kaula! Cing ka dieu Mang Superman!

Superman : (*Ngomong semu balélol*) Superman, Gusti Prabu! Lain Superman!

Gusti Prabu : Héy ka dieu manéh Tukang Kardus!

Robocop : *I am Robocop*, Gusti Prabu! Lain Tukang Kardus!

- Gusti Prabu : Enya, pan tina kardus lin dijieunna baju manéh téh?
Éta Tukang Kaca ka dieu deuih!
- Gatotgaca : Hmmm....kaula Gatotgaca, Gusti Prabu! Lain Tukang Kaca!
- Gusti Prabu : (*Nunjuk ka Sangkuriang*) Tah, ari ieu saha Ki Dukun, Tarzan?
- Sangkuriang : Kaula Sangkuriang, Gusti Prabu. Manusa sakti anu nyépak parahu jadi gunung.
- Gusti Prabu : Enya, sukur andika sakabéh geus datang nedunan pangondang kaula. Nagara kaula ayeuna keur pakéwuh, loba nu korupsi, loba panyakit, rahayatna sangsara. Putri kaula boga panyakit teu cageur-cageur. Lamun ieu nagara hayang subur ma'mur sarta putri kaula cageur, cenah kudu ditumbal ku Tujuh Mustika. Tah, tugas arandika nyaéta kudu néangan éta mustika. Sanggup?
- Saréréa : (*Rampak*) Sanggup, Gusti Prabu!

(Keur kitu aya budak bedegul norojol sarta terus sungkem ka Sang Prabu)

- Ujang Gendul : Abdi Ujang Gendul, Gusti Prabu!
- Gusti Prabu : Euh, budak ahéng alona Paman Léngsér téa?
- Ujang Gendul : Leres, Gusti Prabu!
- Gusti Prabu : Rék naon Ujang ka dieu?
- Ujang Gendul : Manawi kapercanten, Gusti Prabu, abdi badé ngiring milarian Tujuh Mustika.
- Gusti Prabu : Rék milu néangan Tujuh Mustika? Naha bisa kitu?
- Ujang Gendul : Tiasa, Gusti Prabu!
- Gusti Prabu : Aéh enya, Ujang téh cenah apan budak sakti, bisa nénjo naon-naon anu ku batur teu katénjo. Enya éta téh? Cing sok pangnoongkeun, di mana ayana Tujuh Mustika téh?

(Ujang Gendul tuluy ngahuleng sakeudeung)

- Ujang Gendul : Caket, Gusti Prabu.
- Gusti Prabu : Deukeut, Ujang? Cing, cing....di mana deukeut téh?
- Ujang Gendul : Di sisi dayeuh, Gusti Prabu.

Gusti Prabu : Di sisi dayeuh? Di lebah mana?
 Ujang Gendul : Di tempat anu matak pikasediheun, Gusti Prabu.
 Gusti Prabu : (*Colohok*) Pikasediheun?
 Ujang Gendul : Sumuhun. Pikamelangeun!
 Gusti Prabu : (*Beuki colohok*) Pikamelangeun?
 Ujang Gendul : Sumuhun. Pikagilaeun!
 Gusti Prabu : (*Ngarénjag reuwas*) Pikagilaeun?
 Ujang Gendul : Sumuhun. Leres kitu, Gusti Prabu!
 Gusti Prabu : Bisa lamun ayeuna ku Ujang ditéang éta Tujuh Mustika téh?
 Ujang Gendul : Mudah-mudahan tiasa, Gusti Prabu!
 Gusti Prabu : Nya sukur atuh ari kitu mah. (*Tuluy ngomong ka saréréa*) Jung ayeuna mah andika sakabéh geura mariang! Téangan Tujuh Mustika sing tepi ka kapanggih! Engké geuwat bawa ka dieu ka kaula!
 (Saréréa indit, kaluar ti panggung, tinggal juru catur)

D. Pancén

Pék jieun naskah drama pondok, sababak atawa dua babak, babarenganjeung batur sakelompok. Caritana bisa diréka tina pangalaman hidep sapopoé, tapi tangtu bisa diraéh deui diémbohan dipapantes, sangkan matak resep molahkeunana. Para palakuna disaluyukeun jeung jumlah anggota kelompok, upamana lima, tujuh, jeung sajabana.

Daptar Pustaka

- Durahman, Duduh. 1991. *Sastra Sunda Sausap Saulas*. Bandung: Geger Sunten.
- Etti, R.S. 2012. *Jangjawokan*. Jawa Barat: Dinas Pariwisata dan Kebudayaan.
- Faturohman, Taufik. 1982. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Djatnika.
- Hadi, Ahmad, Drs. 1991. *Peperenan*. Bandung: Geger Sunten.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI. 2008. *Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Sonagar Press.
- LBSS. 1980. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Rusyana, Yus, Drs. 1978. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- Satjadibrata, R., 2005, *Kamus Basa Sunda*. Bandung: PT. Kiblat Buku Utama.
- Sudaryat, Yayat, Drs. 1985. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Tamsyah, Rahayu, Budi, Drs. 1991. *Kamus Undak Usuk Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Tamsyah, Rahayu, Budi, Drs. 1996. *Pangajaran sastra Sunda*. Bandung: Pustaka Setia.
- Wibisana, Wahyu. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda; Sebuah Antologi*. Bandung: Geger Sunten.